ГЬУДУЛЛЪИ
ДРУЖБА
№10-13 (10093-10096) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 21 Февраль 2020 г. Рузман

# Баркула, Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIалъул къо!



## Районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевасул барки

Ас-саламу гIалайкум, дир районцоял, ракьцоял, бокьулеб Дагъистаналъул Авар халкъ, хирияб миллат.

Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIазул къоги кIодо гьабун барки гьабичIого кинго толев гьечIо дир ракIалъги, гьелдехун бугеб кIудияб рокьиялъги.

Дун районалъул нухмалъулев хIисабалда рукIуна чанго бакIал гIурус мацIалда кIалъазе кколев, гIайиб дидаги гуро, нужедаги гьечIо. Амма жанисанго вукIуна, кIалъазе анищха рахьдал мацIалдаян гIашикъльун. ГIемераб жо хабар, халатаб жо квар.

КигIан берцинабха нилъерго Авар мацI, эбел-инсуца гъастIа бицараб, цинги нилъее васигатлъун тараб.

Баркула миллатцоял Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIазул байрамкъо.

# МагIарул мацI-нилъер миллияб хазина



Гъал ахирал соназда жанир расги лъачIого нилъ рикIкIалъулел ратана миллиябгIадат-гIамалалдаса,гIумру-яшавалдаса, рукIа-рахъиналдаса, умумуз нилъее ирсалъе тараб кинабго лъикIабщиналдаса. Бищунго пашманлъизе ккараб жо, нилъеца дагь-дагъккун билизе толеб батана миллаталъул аслу – рахьдал мацI.

ГIалимзабаз чIезабун буго дунялалда гьабсагIат анлъазаргогIанасеб мацI бугин ва щибаб соналъ гьезул кIикъоялде гIагарун мацI тIагIунеб бугилан. Лъалеб жо буго къадар дагьал халкъазул мацIал, гьел цIуниялъе гьабулеб хIалтIи гьечIони, дагь-дагъккун лъугIун унеллъи. Руго гьединал мацIал Россиялдаги, руго Дагъистаналдаги. ТIагIине рес бугеллъун гIалимзабаз рикIкIуна 40-50 азарго чи кIалъалел мацIал. Гьеб хIужжа кьочIое босани, Дагъистаналъул гIемерисел хъвай-хъвагIай гьечIел мацIал тIагIине рес буго, гьел мацIал цIуниялъе тадбирал хIукуматалъ гьаричIони. МацIазул гIумру халалъизе бокьун батани, гьезул тIалаб-агъаз гьабизе ккола.

МацIал тIагIине рес буго тарихиял ва цо-цо цогидал лъугьа-бахъиназул хIасилалдаги. Масала, XIX гIасруялда Кавказалъул рагъдаса хадуб Россиялъул пачаясул хIукуматалъ Кавказалъул цо-цо халкъал гочинаруна Турциялде, Иорданиялде, Сириялде ва цогидалги гIагараб бакъбаккул улкабазде. ГIаммаб куцалда Кавказалъул халкъ лъикIаланго дагълъана доб рагъдаса хадуб. Гьедин гочинарурал халкъазул цояб, абадзехазул мацI, тIубанго тIагIана. Гьеб мацI лъалев ахирисев чи вукIана 1984 соналда Турциялда. Гьесулгун гьабураб гара-чIвари буго нахъе цIунун. Гьедин мацIал тIагIиналъул хIужжаби гIемерал руго дунялалда.

Дагъистаналда буго 32 мацI. Гьездасан 14 хъвай-хъвагIай бугеб, 18 хъвай-хъвагIай гьечIеб. Гьеле гьел гIадамазул къадар дагьал, хъвай-хъвагIай гьечIел мацIал рикIкIуна лъугIун унеллъун. Гьел ккола балъхъадерил, багвалазул, чIамалазул, гIандадерил, кIкIаралазул ва цогидалги бакIазул жидедаго гьоркьор гурони рицунарел мацIал. Гьел мацIазда кIалъалезул къадар бищун дагьазул 600 чи вуго. Гьел ккола Гьинухъ росдал мацI бицунел гIадамал. Дагъистаналда хъвай-хъвагIай гьечIел гIадамазул бищун цIикIкIараб къадар буго гIандисезул. Амма гIаркьалаби рикь-рикьаниги, нилъер гьотIол кьибил цо буго. Цого буго нилъер тарихги, адабиятги, маданиятги, гIадат-гIамалги, цоги хутIанщинабги. ЦIунтIал, гIахьвалал, гIандал, кIкIаралал, багвалал ва цогидалги гIиссинал халкъал руго батIи-батIиял мацIазда кIалъалел магIарулал.

Гьаб жакъа бугеб хIалалъ иш унеб бугони, инеги биччани, Дагъистаналъул гIемерисел мацIал чанго анцIго соналдаса тIагIиналъул хIинкъи буго. МагIарул мацIалъе гьабсагIат гьединаб хIинкъи гьечIин абизе бегьула. Росабалъ гIадамал ругебгIан мехалъ магIарул мацI хутIизе буго. Амма мех бахъанагIан загIиплъулеб буго нилъер мацIги, соналдаса соналде дагьлъулел руго гьеб бицунел гIадамалги. ЦIа ккараб мехалъ рукъ хвасар гьабулеб гIадин, гьанжего мацI цIунизе хIаракат бахъичIони, магIарул мацIалъулги нусго соналдасанниги гьединабго къисмат ккезе бегьула.

Жакъа нилъер мацI загIиплъиялъе, гьеб бицунел гIадамал дагьлъулел рукIиналъе бищунго аслияб гIилла буго магIарухъа гIатIиракьазде гIадамал гочин. МагIишат-яшав гьабизе магIарухълъиялдаса гIодоблъиялъул росабалъги шагьараздаги бигьаяб буго. Гьелда дагIба гьечIо. Амма гьеб бигьалъи цIакъго бащьа кIудияб ккана нилъер халкъалъеги мацIалъеги, хасго наслабазул букIинеселъеги. ГIодоблъиялде гочунаго, ХIамзатил Расулица кочIолъ рехсараб, цадахъ босеян аманат гьабураб мацIги, цIарги, гIадат-гIамалги, тIагъур-тIамурги магIарухъго хутIана гIемерисел магIарулазул. МацI бицунеб бугониги, миллияб хасият лъугIун унеб буго гIодоблъиялда ругел росабазул, хасго шагьаразул гIадамазул. Умумузул тIагIел-гIучI, квен-тIех, адаб, гIадат авлахъалъул магIарулазул бицадулъцин хутIун гьечIо. Чанго миллаталъул гIадамал ругел росабалъ кIиго магIаруласцин цоцазда гIурус мацI бицунеб буго. Бецулеб хIал гьечIо цохIо магIарулал гурони гьечIел росабалъги. Гьениб магIарул мацIалъ борхулеб масъала, тIубалеб къваригIел щибго гьечIо.

ГIалимзабаз гьабураб цIех-рехалъ бихьизабулеб буго МахIачхъала шагьаралда ругел лъималазул 92 проценталда рахьдал мацI лъалебцин гьечIилан. Лъалездаги къадарго гурони лъалеб гьечIо. Хъвай-хъвагIаялъул бицинего бицинарин. Гьезда гIурусги лъалеб гьечIо, къватIул мацI гурони. Рахьдал мацIалдасаги араб, гIурус мацIалдеги щвечIеб гIел буго гIодоблъиялда, хасго шагьаразда гIун бачIунеб. Гьезулги лъималазул къисмат кинаб букIинебали бицинейищха ккелеб?

ГIатIиракьалде гочинаричIого, магIарухъ гIадамазе гIумру гьабизе шартIал гIуцIцIаралани, нилъер мацIги, цIарги, гIадат-гIамалги цIунун хутIилаан. Щай бегьулареб букIараб Лавашибе бачараб газ Гъунибеги, ЧIарадеги, ХIебдеги, ЛъаратIеги, цоги магIарул районаздеги бачине. Гьединалго бигьалъаби гьенир ругел цогидал гIадамазеги гьаризе.

Цогияб рахъ босани, нилъеца цIакъ роххун, шавкъалда бицуна Дагъистан гIемерал миллатазул Республика бугилан. Гьеле гьел гIемерал миллатал рукIин унго-унголъунги нилъеда бадиб багъулеб буго. Татарстаналда, Башкортостаналда, Чачаналда, Ингушетиялда ва цо-цо цогидалги Республикабазда гIадин цо миллат букIарабани, нилъер гьанибги мацI цIуниялъеги, гьеб цебетIезабиялъеги, цоги гьелда релълъарабщиналъеги ресал чIахIиял рукIинаан. Миллатал гIемерлъиялъ нилъер ресал мукъсанал руго. Хасго гьелъул бищун кIудияб зарал буго магIарулазе. Дагъистаналда нилъееги нусго нухалъ нилъедаса гьитIинаб миллаталъеги шартIал цого руго мацIалдаги, адабиялдаги, маданиялдаги хурхарал суалал тIуразариялъе. Рес гьечIо гIураб къадаралда нилъер мацIалда телевидениялдасан миллаталъеги мацIалъеги хIажатал передачаби рихьизаризе, лъималазул, мультфильмабазухъ балагьун, маргьабазухъ гIенеккун, цоги-цоги рекIелгьеязул передачаби рихьизарун, рахьдал мацIалде рокьи бижизабизе, радио кIалъазабизе.

Метерисеб къоялде божи хвараб заман бачIиндал, рахьдал мацIалъулги гьелда релълъанщиналъулги масъалаби магIишат гьабизе ккеялъул суалаз халкъалда кIоченарун руго. Пачалихъалъулги гьеб рахъалъ бичIчIулареб, цIар лъезе лъалареб политика буго.

Гьанжеялде данде ккун, советияб заманалда школалда рахьдал мацIалъул дарсал кIиго нухалъ цIикIкIун рукIунаан. Гьеб цебе букIараб куцалдениги бачине кIвелародаян ургъулел рукIаго, тIадеги квешаб хIукму гьабун буго Москваялда. Миллияб компонент тIубанго тIагIинабуна лъай кьеялъул ишалдаса. СоветхIукуматалъул заманалда цIунулаан миллиял хаслъаби. Щибаб кIудияб миллаталъе гIуцIцIун рукIана миллиял газетал, чанго журнал, кIиго батIияб издательствоялъ къватIире ричлаан миллиял хъвадарухъабазул тIахьал. Гьел щолаан щибаб росулъе, бокьарав чиясе. МагIарул газеталъул тираж цо заманалда кIикъоазариде бахун букIана – щолаан щибаб рокъобе. Миллияб театр лъугьун букIана унго-унголъунги миллаталъул матIулъун.

Пачалихъалъ тIаса-масагояб балагьи гьабизе лъугьаралдаса халкъалдаги кIочонеб буго нилъерго мацIалъул тIалаб гьабизе. Миллаталъул къучI буго мацI. МацI гьечIони – гьечIо миллат, гьелъ цIунула халкъалъул рухIияб бечелъиги миллияб хаслъиги. КIалзул махщалилъ буго халкъалъул гIакълу, гIамал-хасият. Гьелъ батIа бахъула кинабго рахъалдасан цо миллат цогидалдаса. Нилъеца цIуничIони, жибго жиндаго цIунизе кIоларо мацIалда.

XX гIасруялъул лъеберабилел соназдаса байбихьана газеталги, журналалги, тIахьалги къватIире ричлаза. Гьеб заманалда гIун рачIана лъикIа-лъикIал хъвадарухъабиги, мацIалъулгун адабияталъул гIалимзабиги, журналисталги. Гьезулги, театр рагьидал актеразулги устарлъиялъ, хIажат гьечIелдаса бацIцIад гьабун, къачIана, берцин гьабуна нилъер мацI.

Халкъалъе хIажалъараб мехалда халкъалда гьоркьоса жалго загьирлъула, рижун рачIуна церехъабиги, бахIарзалги, батIи-батIиял махщелазул гIадамалги. Гьениб букIуна кIиябго рахъалъ бухьен. Халкъалъулги гьединал гIадамазулги кигIанасеб хIажалъи цоцазде бугониги, гьедигIанасебго къадаралда щулалъула бухьенги. Доб заманалда халкъалъе къваригIун рукIана хъвадарухъабиги, артисталги, гьединалго махщелазул гIадамалги. Гьезие шартIал пачалихъалъги чIезарун рукIана. Масала, доб заманалда «БагIараб байрахъ» газеталда бахъараб цо критикияб макъалаялъе гIоло бокьарав чи хIалтIудаса рехулаан. Газеталъул рагIиялда гIадамал божулаан. Литературиял асаразул, гьединго спектаклязул лъикIал героял халкъалъе мисаллъун рукIунаан. КучIдуз, харбаз, къиссабаз чиясе асар гьабулаан, лъикIаб босизеги квешаб тезеги кантIизарулаан. ВатIан бокьиялъул асар бессун букIана халкъалъул рекIелъ.

Гьанже ВатIан бокьи гIадаллъилъун рикIкIунеб буго, цохIо Дагъистаналда гуребги, тIолабго Россиялда. Патриотлъи ккола ВатIан бокьи, ВатIан цохIо ракь гуро. Гьеб буго ракьалда ругел гIадамаз бицунеб мацI, гIумру, гIамал-гIадат ва цоги хутIанщинабги. Гьелдаго цадахъ, цебеккун абухъе, пачалихъалъ адабияталдеги маданияталдеги кьолеб кIварги цIакъго загIиплъана. Газеталъул рагIи гIадахъцин босуларо, миллиял мацIазда рахъарал тIахьал гIадамазухъе щолелцин гьечIо, цебе гIадин магIарухъе щибаб росулъе ине театралъулги ресал рекъолел гьечIо. Цогидалъул бицун щай, рахьдал мацIалъулги литератураялъулги тIахьалцин гIолел гьечIо школазе.

КъогогIан соналъ цебе къана цIалул тIахьалги лъималазе нилъер хъвадарухъабазул асаралги рахъулеб букIараб Дагъистаналъул цIалулгун педагоглъиялъул издательство. ГъебинабунирагъунбукIанабищунго хIалуцараб КIудияб ВатIанияб рагъ унеб 1943 соналда. Рагъун букIана, гьединаб издательствоялде нилъер Республикаялда бугеб хIажалъиги хIисабалде босун, сундухъго балагьичIого. Гьеб хIужжаялъго бицунарищ пачалихъалъул нилъер миллиял мацIазде букIараб бербалагьиялъул. Жибго заманаялъул хиса-басияз халкъги рехсарал махщелазул гIадамалги цоцаздаса рикIкIад гьаруна. Гьениб хас гьабун цо лъида букIаниги гIайиб чIваялъул магIна бугищали лъаларо. Лъималазе тарбия телевизоралъ кьолеб буго. ТIаде гIолеб гIелалъе гьелъ гьабулеб асаралъул бицинчIоники киназдаго лъала.

Жакъа лъугьун бугеб хIалалдаса рорчIизе ккани, тIоцебесеб иргаялда къваригIун буго тасдикъ гьабизе Дагъистаналъул мацIазул хIакъалъулъ закон. Россиялъул киналго Республикабазда буго гьединаб закон. ХутIун руго цохIо нилъ. Гьеб законалда рекъон гьаризе кколел тадбирал рихьизари гуребги, гьел рагIалде рахъинаризе хIажатаб гIарацги биччазе ккола.

Аслияб кIвар кьезе ккола ясли-ахаздасанго байбихьун лъималазул рахьдал мацIалде рокьи бижизабиялде. ГIезаризе ккола гьеб махщалиде рокьиги бугел, цIалдохъабазда гьоркьоб ракI унтун хIалтIиги гьабулел миллиял мацIазул учительзаби. Гьезие чIезарила лъикIал харжал. Щибаб классалда цIикIкIинарила рахьдал мацIалъулги адабияталъулги дарсал. ГIураб къадаралда къваригIун руго рахъизе гьезие хIажалъулел тIахьал. ЛъикI букIинаан халкъалъул къадаралъухъ балагьун, шагьаразда миллиял школал гIуцIцIани. Масала, МахIачхъалаялда, Гъизилюрталда, цо-цо цоги бакIазда магIарул школал цIикIкIун рукIинаан, Дербенталда – лезгиязул, гьединго цоги-цоги шагьараздаги. Гьедин данде кколеб гьечIони, миллиял классалниги гьарилаан. МахIачхъалаялда цо-цо школазда 5-6 миллиял классазде рикь-рикьула гIел бащадал цIалдохъаби. Щай бегьулареб щибаб класс цо ккураб миллаталъул гьабизе.

Гьанже гIадин, директорасда берцин бихьухъе течIого, шагьаразул школазда рахьдал мацIал малъи тIадаблъун гьабизе ккела. Аттестаталда къимат лъейги гьединго тIадегIанал ва хассал гьоркьохъел цIалул заведениязде лъугьунаго рахьдал мацIалъул экзамен кьейги чара гьечIеблъун букIинабилаан. Гьеб гуребги, телевидениялдасан, гьединго цогидалги информациялъул алатаздасан лъималазе рекIелгъеялъул передачаби ва гьелда релълъанщинаб кьелаан миллиял мацIазда. Гьелде тIадеги гIолеб гIелалъул кIвар буссинабизелъун батIи-батIиял къецал тIоритIилаан. Эбел-инсуда гьоркьоб рахьдал мацI бокьизе лъимал ругьун гьариялъе хIажатаб бичIчIи кьеялъул хIалтIиги гьабилаан.

Халкъалда гьоркьор миллиял мацIал тIиритIизариялъе унго-унголъунги квербакъи гьабилаан миллиял мацIазда рахъулел тIахьаз, газетаз, журналаз, гьел мацIазда радиокIалъазабиялъ, телепередачаби рихьизариялъ, гьединго театралъ. ГIураб къадаралда гIарацги кьун, цIунизеги чIахьизеги ккола гьединал издательствабиги, редакциялги, театралги. Хъвадарухъабазулгун, артистазулгун, цогидалги творчествоялъул гIадамазулгун бухьен щула гьабизе ккола халкъалъул. Гьезул чIагояб рагIул магIнаялъ мацIалдеги, адабияталдеги, маданияталдеги рокьи бижизабичIого хутIуларо гIадамазулъ. Гьел махщелчагIазе гIуцIцIизе ккола кинабго рахъалъ шартIал. Гьеб мехалда жалго гIун рачIуна творчествоялъул гIадамал.

Цоги тIад рекъезе бегьулареб, хисизабизе кколеб жо буго, цого мацI бугел районазда киналго данделъаби гIурус мацIалда тIоритIи.

Гьеб нилъецаго нилъерго адаб гьабунгутIи бугин тола дица. Нилъеда лъала магIарул районалъул киналго данделъабазда кIалъаял гIурус мацIалда гьарула. Гьединалги цогидалги данделъабиги рахьдал мацIалда тIоритIи тIалаб гьабизе ккола. Цогидаб рахъ босани, цого миллаталъул гIадамаз гIумру гьабулел районазда киналго хъвай-хъвагIаял, учреждениязул ва организациязул цIарал ва гь. ц. рукIине ккола кIиго батIияб мацIалда – гьениб гIумру гьабулеб халкъалъул рахьдал ва гIурус мацIазда.

Руго жеги-жеги гьаризесел тадбирал. Гьезул кигIанги бицине бегьула. Республикаялъул нухмалъулездаса байбихьун, щивав чияс рахьдал мацI цIуниялъе, абухъего, цо-цо мочол мугьгIанасебниги хIалтIи гьабуни, гIаммаб куцалда гьелъул хIасил кинаб ккелебали бичIчIулеб жо буго. Гурони, гьадин, тIалаб гьечIого, мацIазул суал тани, наслабаз нилъее баркала кьеларо. Кида-къадги гьелде халкъалъ кIвар кьолеб заманги бачIине бугелъулха.

**МухIамад Ибрагьимович МухIамадов,**
**филологиял гIелмабазул доктор, профессор,**
**МагIарулазул миллиябгун культурияб автономиялъул нухмалъулев**

# Исчезновение языка необратимо приводит к исчезновению народа

**«Стать народом – значит, прежде всего, стать свободным ибо народ, не обретший свойства свободного народа остается бесформенной массой, толпой, самое большее - неупорядоченным населением»**
**М.Г. Алиев.**

Президент РФ В. В. Путин выступая на III съезде Всемирного конгресса татар 30 августа 2002 года, сказал: «Полная дурь и бред, если кто-то, где-то запрещает в многонациональной стране изучать родной язык или препятствует этому. Абсолютно недопустимо, вредно для страны в целом. Россия – средоточие такого национального, культурного, языкового богатства, которого в мире нигде нет. В этом как раз сила нашего государства ... Многие языки у нас под угрозой исчезновения. Мы должны принимать особые меры для того, чтобы сохранить культурное наследие нашей страны … Абсолютно недопустимо, если кто-то говорит о том, что нужно сокращать изучение родного языка».

С того времени как В.В. Путин произнес свое речь прошло много лет, а что же изменилось? Ровным счетом ничего, если не сказать, что стало еще хуже с изучением родного языка в Республике Дагестан.

Создается впечатление, что правая рука «государя» не ведает, что творит левая. 15 ноября 2007 года Госдума приняла в третьем, окончательном, чтении закон №448303-4, отменяющий национально-региональный и школьный компоненты в государственном образовательном стандарте. Из четырех депутатских фракций Государственной Думы лишь «Единая Россия» поддержала закон. Закон закрыл все национальные школы Дагестана и России.

В повествовании о строительстве Вавилонской башни Священное Писание рисует нам человечество, говорящее на одном языке, культурно однородное, то-есть, «консолидированное» в единую нацию, какой хотят видеть новую Россию её проектировщики.

«И был на всей земле один язык и слова одни» (Бытие,11:1): «И сказали они (друг другу): давайте построим себе город и башню, главою до небес; и сделаем себе имя» (Бытие,11: 4).

Бог сорвал эту амбициозную великую стройку как наглую авантюру, раздробив развращенный гордыней народ на множество культур и языков. Вернее, возвратив народам их прежний национальный статус. Ведь Всевышний изначально наделил потомков Адама и Евы разными языками и направляя к ним 124 тысяч своих посланников-пророков, учитывал их языковое многообразие: «Мы отправляли посланников только с языком их народа, чтобы они разъясняли им» (Коран 14:4, перевод И. Ю. Крачковского).

Закон (о внесении изменений в закон «Об образовании») приняли и победили очень грозные мотивы, более сильные, чем неизбежные проклятия целых народов и ворчание православной церкви. Открыто, выражена воля - начать непосредственную подготовку к отмене многонациональности РФ. Закон, запрещающий изучение родных языков, национальную культуру, историю коренных народов – это предпоследний шаг перед «отменой» наций.

Эксперименты по насильственной ассимиляции 16 коренных малочисленных народов обернулись дискриминационной политикой в отношении самих «титульных» 11 Дагестанских народов. Взамен права кормления с «барского стола», у «государствообразующих» этносов отобрали право на языки.

Дагестанское «мудрое» многонациональное общедагестанское, также как и «общероссийское» сознание не воспротивилось ярым защитникам дискриминационного федерального закона, по которому родители нерусской национальности не имеют права обучать своих детей на родном языке.

Закон является антиконституционным, он противоречит пункту 2 статьи 26 Конституции РФ, где сказано: «Каждый имеет право на пользование родным языком, на свободный выбор языка общения, воспитания, обучения и творчества». Этот закон бьет по самой судьбоносной части нации, этноса – по языку. Великий русский педагог К.Д. Ушинский сказал, что когда исчезает родной язык, народа больше нет.

Закон бьет по самой важной части функционирования языка – по школе. Видный английский ученый Эрнест Геллкер сказал, что «для социального продвижения языка школы становится чрезвычайно важен – не язык матери, а язык школы». Речь идет о том, что хотя бы в начальной школе языком школы был бы язык матери, как в Люксембурге.

# ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ МАЦIАЛ: ГЬЕЗУЛ БУГЕБ ХIАЛГИ БУКIИНЕСЕБГИ



Дагъистаналъул мацIал уна лъабго батIияб мацIазул хъизаналда гъоркьоре. МацIалъул хъизан абураб бичIчIи буго гIурус мацIалдасан буссинабураб(гIурусалъ – семья языков). Гьелъул магIна ккола цо риҗи, цо тарих бугел цоцазе гIагарал мацIал абураб. ТIоцебесеб иргаялда, гьединаллъул ккола ибериялъулгун кавказалъул мацIазул Дагъистаналъулаб рикьи. Гьезде мацIалъул гIелмуялда Дагъистаналъул мацIалилан (яги Дагъистаналъул халкъазул мацIалилан) абула. Гьезул буго 26 мацI. Гьел Дагъистаналъул мацIалги рикьула батIи-батIиял тIелазде. Бищун жинда жаниб мацIал гIемераб тIел ккола магIарулгун гIандадерил ва цIунтIадерил мацIазул тIел. Кинабниги 14 мацI. МацIалъул гIелмуялда жанир магIарулазул гIиссинал халкъазул мацIал рикьула кIиго бутIаялде (жибго магIарул мацI малъичIого).

ТIоцебесеб иргаялда, гьел руго гIандадерил мацIал (гьезда гъоркьоре уна жалго гIандадерил, балъхъадерил, гъодоберисезул, гIахьвалазул, кIкIаралазул, чIамалазул, багвалазул, тIиндадерил – кинабниги микьго мацI). КIиабилеб иргаялда, гьел руго цIунтIадерил яги цезазул мацIал (гьезда гъорлъе ккола жалго цIунтIадерил, бежтIадерил, гьинухъезул, гьунзисезул ва хъварщадерил –кинабниги щуго мацI). ЦIунтIадерил мацIазда гъоркьоре кколел хъварщал ЦIумада районалда руго. Гьединго ЦIумада районалда буго цIунтIадерил мацIалда кIалъалеб жеги жанибе машина бачIунареб Хушет росуги. «ГIандадерил мацIал» абун абиялъе гIилла буго, гIандал къадаралъул рахъалъ бищун гIемер рукIин киналниги Болъихъ, ГIахьвахъ ва ЦIцIумада районазда бугеб микьабго мацI бицунел тIадехун рехсарал магIарул къавмазда гъоркьор. Баянаб букIахъе, гIандадерилгун цIунтIадерил мацIал рицунел гIадамаз гIумру гьабун буго Болъихъ, ГIахьвахъ, ЦIумада, ЦIунтIа районаздаги БежтIа участкаялдаги. Гьеб ракь буго гьел мацIал рижараб бакI, гьезул эбелаб ВатIан, гьезул инсухъльи. ГьабсагIаталда бугеб хIалалда рекъон, цогидал Дагъистаналъул халкъалго гIадин, гьел халкъазул гIадамалги гIатIиракьалда тIиритIун руго. ГьабсагIат гьез гIумру гьабун бугел бакIал рехсезе ккани, хассаб макъала хъвазе ккола. Абун телин, магIарухъ гIадин гьел гIатIиракьалда цо бакIалда гьечIилан. БатIи-батIиял бакIазда ругел росабалъ, хъутабазда риххун руго. Амма цоцазда аскIо-аскIор гьечIониги, магIарулгун гIандадерил ва цIунтIадерил росаби Дагъистаналъул цохIо шималияб (северияб) рахъалда руго. Лезгиязул мацIазул росаби къилбаялъул (югалъул) рахъалда руго (цохIо ЦIияб Къурущ росу буго северияб рахъалда).

Дагъистаналъул мацIазда гъоркьоб дарги мацIги лак (тум) мацIги цоцаде бищун гIагараллъун рикIкIуна ва цо группаялъул тIеллъун тола. Масала, магIарул мацIалдаса лак мацIалдехун бугеб гIагарлъи дарги мацIалъул цIикIкIараб буго. Жибго дарги мацIалда жанирги руго цоцадаса жал цIакъго батIиял, цо-цо гIалимзабаз хассал мацIаллъул рикIкIунел сверелал (кубачиязул, хайдакъалъул), амма адабияталъул мацIалъул кьучIлъун босун бугеб гIахъущдерил сверелалдаса гьезул бугеб батIалъи бахунаро, масала, гIандадерилги магIарулги мацIалда гъоркьоб бугеб батIалъиялде. Гьединаб дандекквей гьабунани, кубачиязул ва хайдакъалъул сверелал жалго жидедаго чIарал мацIаллъун рикIкIинеги бегьуларо.

Дарги мацIалъул сверелазда (диалектазда) гъоркьоб бугеб батIалъи данде кквезе бегьула магIарул адабияталъул мацIалдаги цIоралъул сверелалдаги (закаталаялъул диалект) гъоркьоб бугеб батIалъиялда. Даргиязул батIи-батIиял къавмазда адабияталъул мацI хашго лъаялъе гIиллалъун ккола киназего гIаммаб болмацI гьезул тарихалда жаниб батичIолъиги, нахъа, советияб заманалда гьединаблъун тараб гIахъущдерил сверел гьединаблъун лъугьинчIолъиги. Гьеб рахъалъ, адабияталъул мацI лъаялъул бугеб хIал даргиязул, масала, магIарулазда данде ккун, цIакъ захIматаб буго.

Тумазул (лаказул, гъазигъумекдерил) мацI буго магIарул, дарги мацIазде дандеккун жинда жаниб сверел дагьаб, болмацI жинда жанисан бижун бачIинчIониги, сверелазда гъоркьоб батIалъи дагьаб мацI. БатIи-батIиял росабалъе тумазе жидерго казият цIализе захIмалъуларо, гьезул бугеб унти буго, росабалъ гIумру гьабун ругезул къадар дагьлъиялъ, жибго мацIго лъалезул къадар цIакъго дагьлъи.

Лезги мацIалилан абулеб бичIчIи буго советияб заманалда бижараб, гIандадерил мацIалилан абулебго гIадаб, бищун гIемераб халкъалъул цIар гьелде гIагаразде лъураб. Лезги мацIалилан абунилан, жалго лезгиял «бетIергьанал» халкъал кколаро гьел. Щибаб халкъалъул буго жиде-жидер мацI. Гьел халкъазул гIадамазда лезги мацIги лъаларо. Лезги мацIазда гъоркьоре уна жибго лезги, табасаран, агъул, мухад (рутул), цIахур, хьирицI (криз), будух, удин, арчи ва кетиш (хиналуг) мацIал. Кинабниги 10 мацI. Кризал, будухал, удинал, хиналугал руго Азербайжаналъул ракьалда. ХутIарал руго Дагъистаналда. Арчисел руго ЧIарада районалда. Удиназул мацIалда кIалъалеб кIиго росу буго. Цояб (Нидж) Азербайжаналда буго, цогидаб (Зинобиани) гуржиялъ буго. Жеги удиназ гIумру гьабулеб буго Азербайжаналъул Огуз (цебе – Варташен) абураб райцентралдаги, бакI-бакIалда Эрмениялдаги, цоги-цогидал пачалихъаздаги. Удиназул мацIалъул кьучIалда бахъанин Кавказалъул Албаниялъул алипилан рикIкIуна цо-цо гIалимзабаз. Эрмениязего гIадин, гьеб бахъарав чилъун вихьизавула кашиш Месроп Маштоц. Гьел удиназул мацIалъул некIсияб къагIидалъун рикIкIуна агъваназул (яги кавказалъул албаназул) мацI. Гьеб мацIалда V гIасруялда бахъана тIадехун рехсараб алипги хъвай-хъвагIайги. Гьеб пикруялда разилъуларел гIалимзабиги руго. БатIи-батIияб заманаялъ Дагъистаналъул ракьалда ратана албаназул хъвай-хъвагIаялда жал релълъарал хIарпал хъварал ганчIал. Бихьулеб букIахъе, гьеб албаназул алипалъул кьучIалда жиде-жидер мацIазе алипал гIуцIцIизе Дагъистаналъул батIи-батIиял халкъаз хIаракат бахъулеб букIун буго. Амма албаназул алипалда хъварал жалазе цо кIудияб тIибитIиго щун гьечIо. Гьеб ишалъе ахир лъун буго ислам динги гIараб хъвай-хъвагIайги бачIун хадуб.

Ахираб заманалда гуржиязул гIалимчи Заза Алексизеца немец мацIалда къватIире риччана Кавказалъул Албаниялъул мацIалда хъваралилан абулел гьесда ратарал насранияб диналда хурхарал хъвай-хъвагIаял. Гьес абухъе, гьел руго удин мацIалъул доб цебесеб къагIида, ай, агъваназул мацIалде инжил буссинабурал хъвай-хъвагIаял. ГьабсагIатги гьел хъвай-хъвагIаязул цо кIудияб анализ гьабун гьечIо ва, чIванкъотIун, кинаб мацIалда гьел хъван ругелали чIезабун гьечIо.

ЧIарада районалда ругел арчисезул (рочисезул) мацI лезги мацIазда гъоркьобе рехсола гьелъул гьезда релъараб рикIкIадисеб пархен букIиналъги, гIуцIцIиялъул рахъалъ релълъенхъвай букIиналъги, жалго рочисел руго магIарулал, гьезул цо бутIа. Арчи мацIалде бищун гIагараблъун рикIкIине бегьула будух мацI. Киналго лезги мацIазе гIаммаб мацIалдаса гьеб кIиябго мацI батIалъун буго нилъер эраялде (миладияб заманалде) щвезе лъабнусго сон хутIараб мехалъго. МагIарул ва лак мацIазда аскIоб букIиналъ, арчисезул мацIалде гьеб кIиябго мацIалъул асар цIикIкIун буго. Лезги мацIазда гьечIел лъ, хI, кь гIадал гьаркьал магIарул мацIалдаса рачIун руго. Лексикаялда жаниб лак мацIалъул асар буго. Амма жалго рочисел, гьезул росдал мацIалъухъ балагьичIого, магIарулазда гъоркьоре рехсола.

Цо-цо гIалимзабаз хиналуг мацI лезги мацIазда гъоркьобе унарин, гьеб батIаго рехсезе кколин, амма гьеб бищун лезги мацIазде гIагараб бугилан рикIкIуна.

ГьабсагIат Азербайжаналъул ракьалда ругел халкъазул мацIал Дагъистаналъул мацIазда гъоркьоре рехсеялъе гIилла буго, гьел мацIал цого рижиялъул, цого раккиялъул, цоцазе гIагарал, гъоркьор батIиял халкъал гьечIого цого бакIалда ругел рукIин. Дагъистан абураб гьанжесеб бичIчIиги Дагъистаналъул мацIалилан абураб бичIчIиги данде кколаро.

Дагъистаналъул мацIал рижулеб заманалда я жибго Дагъистан букIинчIо, я гьединаб рагIи букIинчIо. Азербайжанги букIинчIо, жалго Азербайжаналги гьеб ракьалде жеги рачIун рукIинчIо. Гьединлъидал, Дагъистаналъул мацIалилан Дагъистаналдаго гьечIел мацIаздеги абула.

Гьал тIадехун рехсарал Дагъистаналъул мацIазда хъвачIого, Дагъистаналда руго тюрк мацIазда гьоркьоре унел азербайжан, лъарагI, нугъай мацIал. Азербажаналги, нугъаялги Дагъистаналда гурелги руго. ЛъарагIал цохIо Дагъистаналда гурони гьечIо(асатIиналъ ва чачаналда бугеб цо-кIиго росу хутIизегIан). Совет хIукуматалъул заманалда киналго туркал(жалго туркал хутIизегIан) гьеб пачалихъалда рукIана. ЛъарагI мацIалда жанир ругел сверелазул бищун батIияблъун рикIкIуна хайдакъалъул сверел. Дагъистаналъул мацIазда гьоркьоб букIиналъ, лъарагI мацIалъул цо-цо диалектазда руго цогидал турк мацIазда гьечIел «кавказалъулалин» жидеда абулел мукъулукъилал гьаркьалги. Жибго лъарагI абураб рагIи бацIцIадаб магIарул рагIи буго. Гьелъул магIна буго битIараб бакI, лъарал рагIал абураб. БакIалъул цIар хIисабалда хIалтIизабула лъаргIиб абураб рагIиги. ЛъарагI авлахъ абураб бичIчIи буго цого магIнаялъул кIиго батIи-батIияб мацIалъул рагIи аскIоб лъун лъугьараб рагIабазул дандрай(лъарагI лъарагI яги авлахъ авлахъ гIадаб жо).

Дагъистаналъул мугIрузулал жугьутIазул (татазул) мацI ираназул мацIазда гьоркьобе рехсола. Жалго ираназул мацIалги индиялъулгун европаялъул мацIазул кIудияб хъизаналда гьоркьоре уна. Таталги мугIрузулал жугьутIалги цого халкъ гурилан абулелги руго. Гьезул пикруялда рекъон, мугIрузулал жугьутIал руго некIсияб ГIизраил биххун хадур, Ираналде гочарал(тIурарал) семитал(жугьутIал). Татал руго жугьутIазул дин босарал къажарал(иранал). Советияб заманалда гьеб пикру гьукъараб букIана, киназдего татал абизе кколаан. Мусал дин гьабулелщинал чагIи жугьутIал кколарилан абулеб гIадаб жо буго гьеб.

Дагъистаналда гIумру гьабун ругел цогидал халкъазул гIадамал (гIурусал, эрмениял, ва гь.ц.) Дагъистаналъул халкъаллъун рикIкIунаро, щайгурелъул гьел гьанир рукIинчIел ва нахъа рачIарал халкъал ругелъул, ва гьезул аслияб къадар Дагъистан бахун къватIибехун бугелъул.

МацIалъул гIелмуялда жаниб батIалъи гьабула Дагъистаналъул мацIаздаги Дагъистаналда ругелщинал мацIаздаги гьоркьоб. Дагъистаналъул мацIаллъун рикIкIуна цого-цо ибериялъулгун кавказалъул мацIазул хъиза-налда гьоркьоре унел мацIал. Я лъарагI, я нугъай, я тат, я гIурус мацI Дагъистаналъул мацIазда гьоркьобе унаро. Гьеб буго мацIазул цоцада гьоркьоб бугеб гIагарлъиялда рекъон гьабураб рикьи.

ГIурус мацIалъул хутIизегIан, хутIанщинал Дагъистаналда ругел мацIазул цого захIмалъаби руго мацIал загIиплъиялда ва гьел тIагIине бугеб хIинкъиялда хурхарал. XX гIасруялъул лъеберабилел соназде щвезегIан Дагъистаналъул халкъаз гIумру гьабулеб букIана жидерго умумузул ракьалда ва рахьдал мацI лъаялъул рахъалъ гьезие щибго хIинкъиги букIинчIо. Гьезда лъалареб жо букIана гIурус мацI. КIиго яги лъабго мацI лъалел росабиги рукIана. Гьанжеги руго гьел. Гьел лъеберабилел соназда масъала лъуна кигIан кIваниги хехго гIурус мацI лъазе кколилан абураб. Гьеб лъалев чиясе рес букIана хIукуматалъул хIалтIуде лъугьине, лъикI цIализе, ай жиндиего чед балагьизе.

МацI лъаларев чиясе гIемерал захIмалъаби раккана советияб заманалда. Рокьоб чед бугесги лъазабизе ккана чияр мацI. ГIурус тун батIияб (рахьдал, гIараб, турк) мацI лъай щибго пайда гьечIеб жолъун лъугьана. Къокъаб заманалда жаниб Дагъистаниязда гIурус лъана (яги Дагъистаниял гIуруслъана). Гьелдаго цадахъ, росу тун аразул къадар цIикIкIун, шагьарал кIодолъизе байбихьана. Гьелъул хIасилалда, шагьаралда гIун бачIана жидеда рахьдал мацI лъалареб гIел. Цо-цо хIаракатчагIаз гьеб лъикIаб жолъунги рикIкIине байбихьана. Рахьдал мацIги кIочарав, как-динги тарав, шагьаралъуласде абизе байбихьана цIияв чийилан, лъикIав-тIокIавилан, советияв инсанилан.

ГIадамазул цIияб тайпа гIуцIцIанила советияб халкъилан жинда цIарги бугеб. Рахьдал мацIалъул пайда гьечIолъиялъул бицана. Гьедин дагъаб заман ана. Совет пачалихъ биххана, батIияб гIумру бачIана, амма рахьдал мацIалъул масъала гьединго хутIана. «Глобализация» абураб жоялъ дуниял цоцахъе багьизабуна. Интернет баккана. Бокьарав чиясе бокьараб бакIалдаса информация балагьизе рес щвана. Гьеб киналъгоги рахьдал мацI лъаялъе кинаб бугониги квербакъи гьабулеб гьечIо. Суал бачIунеб буго, цIиял шартIазда рекъон кинаб букIине кколеб рахьдал мацI цIуниялъе гьабулеб хIалтIиян абураб? Дир хIисабалда, нилъеца нахъаса къотIичIого бицинеги, хъвазеги телевизоралдасан бихьизабизеги ккола нилъер мацIазул бугеб хIалалъул хIакъалъулъ. ТIадчIей гьабизе ккола мацI гьечIони, халкъ букIунарин абураб пикруялда, мацI кколин халкъалъул рухIилан абураб калимаялда, рахьдал мацI абураб бичIчIиялъул гьварилъиялда. Аза-азар соназ халат-бахъараб мацIалъул тарих нилъеда къокълъани, рачIунел наслабаз нилъее нагIана кьезе букIин щакълъи гьечIеб жо буго. Хасс гьабун магIарул мацIалъул бугеб хIал босани, гьелъулги цогидал Дагъистаналъул мацIаздаса лъикIаб хIал гьечIо. МагIарулалги гIатIиракьалда риххун руго. ГIатIиракьалда ругел росабалъ мацI лъаялъул рахьалъ бугеб хIал лъалев чи гьечIо, гьелъул гIелмияб цIех-рех гьабун гьечIо. Жибго магIарухъги мацI загIиплъулеб буго. Жиде-жидер хассаб мацI бугел магIарулаздаги адабияб мацIалдаса жидер сверел цIакъго батIиял магIарулаздаги мацI лъаялъул даража гIодобе кколеб буго. Шагьаралда гIумру гьабун ругезда гIемерисеб мехалда цохIо жидерго росдал мацI гурони лъалеб гьечIо.

Лъазего лъаларел гIемерлъиялъ цохIо гьеб лъайцин лъикI бугилан ккола. Ахираб заманалда шагьаралъул школазда цIикIкIун кIвар кьолеб буго рахьдал мацI малъиялде. Гьеб ккола тIадаб предмет. Шагьаралъул ва росдал школазда рахьдал мацI кьеялъул къагIида (методика) батIи-батIияб букIине кколеб буго, шагьаралда ругезда мацI загIипго лъаялъ. Гьелда тIадеги магIарулазе хассаблъун лъугьунеб буго росдал батIи-батIиял школаздаги гьеб малъиялъул батIи-батIиял къагIидаби хIалтIизаризе ккей. Хунзахъги, Болъихъги, Кидероги магIарул мацI цого даражаялда кьун бажаруларин абулеб буго. Гьеб бараб бугила Хунзахъ рокьобги къватIибги гьеб бицунеб букIиналда, Болъихъ росу райцентр букIиналъ, рокьоса къватIиве вахъаравго болъихъас гIемерисеб жидерго росулъцин магIарул мацI бицине ккеялда, рокьобги къватIибги жидерго мацI бицине Кидероб щвеялда ва гьелда рекъараб магIарул мацI лъай гьезул букIиналда. Гьелда тIадеги, цIунтIадерил мацIаздаса гIандадерил мацIазул магIарул мацIалдехун бугеб гIагарлъи цIикIкIараб буго ва гьезие гьеб бицинеги цIунтIал-бежтIадеридаса бигьа буго.

Гьединаб хIал бугелъул, къваригIун буго жибго магIарул мацIалъул школазда малъулеб къагIида бигьаяблъун гьабизе. БитIунхъваялъул къагIидаби ричIчIулелллъун, хехго ракIалда чIолелллъун гьаризе. 1997 соналъ МацIазул, адабияталъул ва искусствоялъул институталъ, 1993 соналъ битIунхъваялъул къагIидаби камиллъизабиялда хурхун тIобитIараб гIелмияб конференциялъул кьучIалда хIадур гьарун рукIана хассал проектал. Гьелдаса нахъе ана 17 сон, амма гьаб жакъадги гьел проектал проекталлъун хутIун руго, Дагъистаналъул хIукуматалда цебе букIараб БитIунхъваялъул комиссия къаялъ ва гьеб тасдикъ гьабулеб орган Дагъистаналда гьечIолъиялъ. Гьеле гьединаб бербалагьи буго Дагъистаналъул тIадчагIазул рахьдал мацIалдехун. МагIарул мацIалъул хIакъалъулъ абуни, гьеб проекталда бихьизабун букIана, гьалатI ккечIого букIине, рагIаби абулеб къагIидаялъ хъвазе. Гьениб хъвачIого хутIараб, амма нилъеца чара гьечIого гьабизе кколеб хIалтIилъун рикIкIуна, кинал ругониги батIалъи гьечIого, цоги мацIаздаса рачIарал рагIаби мацIалда рекъезарун хъвазе. Гьединги хъвачIого нилъер мацIалъул сипат холеб буго. Масала, я гIурусаз, я гуржияз цониги рагIи босуларо жидерго мацIалде, жидерго мацIалда рекъезабичIого.

Нилъерин абуни, гIурус мацI кинаб, магIарул кинабали лъалареб хIал лъугьун буго. МагIарул гIурусалде сверун унеб буго. ГIурус мацI лъикI лъазе букIинейилан, гIурус мацIалдаса рачIарал рагIаби гьенир ругеб къагIидаялда хъвазе кколилан абураб мекъаб правилоялъ, нилъ, нилъерго мацIги тIагIун, гIурус хутIиялде рачунел руго. Доб мехалъ мацIалда гьоркь лъураб гьеб «ми́на» гьанже къвагьизехъин буго. КватIичIого нилъер мацIалда хутIизехъин руго «тIад квер бахъичIел» цохIо гIурус рагIаби.

**МухIамадов М. ГI.**
**Дагъистаналъул Федералияб ЦIех-рехазулаб централъул МацIазул, литератураялъул ва искусствоялъул институталъул грамматикиял цIех-рехазул отделалъул нухмалъулев**

# БАКI-БАКIАЛЪУЛ ЦIАРАЗУЛ КЬУЧIАЛДА ХАЛКЪАЗУЛ ГIОРХЪАБИГИ МАЦIАЗУЛ ТIИРИТIИГИ ЧIЕЗАРИЯЛЪУЛ КЪАГIИДАБИ (МАГIАРУЛЛЪИЯЛЪУЛ МАЦIАЛ)

Топонимика тIей гьечIого хурхараб буго географиялда, тарихалда, этнографиялда. МацIалъул тарих лъазабиялда жаниб топонимика буго цойги гIелмабазул квер гIунтIулареб борхалъиялда, щайгурелъул гьелъ кумек гьабула аза-азар соназ цебе букIараб халкъалъул гIумру, рукIарахъин лъазабизеги, гьезул цере рукIарал гIорхъаби чIезаризеги, цебе киб кинаб росу-ракь бакIарабали бицинеги. Гьелъул кумекалдалъун хIалтIула тарихияб лексикология, диалектология, этимология, лингвистикияб география ва цогидал гIелмаби.

Хунзахъ, Унсоколо, Гумбет районазулги, тIубанго гьечIониги, Хьаргаби, Шамил, ва Гъуниб районазулги топонимал, ай бакI-бакIалъул цIарал, руго магIарул мацIалда щибго магIна гьабун нилъеда бажаруларел, амма нилъер гIиссинал къавмазул мацIазде раккани, гьениб жидер «кIул» батулел, жидер магIна цебе рехун бачIунел цIарал. МацIалъул гIелмуялда жанир магIарулазул гIиссинал мацIал рикьула кIиго бутIаялде. ТIоцебесеб иргаялда, гьел руго гIандадерил мацIал (гьезда гьоркьоре уна жалго гIандадерил, балъхъадерил, гьодоберисезул, гIахьвалазул, кIкIаралазул, чIамалазул, багвалазул, тIиндадерил кинабниги микьго мацI). КIиабилеб иргаялда, гьел руго цIцIунтIадерил яги ццезазул мацIал (гьезда гьорлъе ккола жалго цIцIунтIадерил, бежтIадерил, гьинухъезул, гьунзисезул ва хьварщадерил кинабниги щуго мацI). ЦIцIунтIадерил мацIазда гьоркьоре кколел хьварщал ЦIцIумада районалда руго. Гьединго ЦIцIумада районалда буго ццезазул мацIалда кIалъалеб жеги жанибе машина бачIунареб Хушет росуги. «ГIандадерил мацIалин» абиялъе гIилла буго гIандал къадаралъул рахъалъ бищун гIемер рукIин киналниги Болъихъ, ГIахьвахъ ва ЦIцIумада районазда бугеб микьабго мацI бицунел тIадехун рехсарал магIарул къавмазда гьоркьор. Гьедин шартIлъун босунги буго. Гьебго гIиллаялъ ццезазул мацIалиланги абулеб буго.

Гьаб макъалаялда дица киналго хассал цIарал магIарул мацIалда абулеб къагIидаялда хъвалел руго, щайгурелъул цониги нухалъ рагIичIеб цIар чияс битIун цIалиялда щакълъи бугелъул. Гьеб буго цIакъ кIвар кьезе ккараб, гIурусаз абухъего, «унтараб» суал. Нилъер мацIалъ хIукуматалъул ишалда гьоркьоб гIахьаллъи гьабулеб гьечIолъиялда бан, нилъеца хисизаризе ккезехъин руго битIунхъваялъул къагIидаби(правилаби). Жеги анцIго соналъ цебе, нижер институталъ хIадур гьарун рукIана цIиял битIунхъваялъул къагIидаби. Гьениб чIванкъотIун бихьизабун буго щиб кин хисизабизе кколебали. Нилъер гьаб хIабургъараб заманаялда гьелде кIвар кьолев чиги кколев гьечIо, гьелъул ХIукуматалъе ургъелги гьечIо.




Доб советияб заманаялъ ХIукуматалда цебе гIуцIцIун букIараб битIунхъваялъул комиссиялъги нилъ церего «лъикIго рукIаян» тана. ГьабсагIаталда иш ккун буго хъвараб жо гIемерисез хъвараб къагIидаялда цIалиялде. Масала, газеталда хъвала КIаратIа, КIуяда абун, гьедин цIалулебги буго, щайгурелъул мацIалъ пачалихъияб ишалда гьоркьоб тIубалеб хъулухъ гьечIони, кин битIун букIинеб, кин мекъи букIинебали лъазе цIакъ захIматаб жо буго. Гьединал гьалатIал ккечIого рукIине чара гьечIого къваригIун буго кинабго жо, хасго бакI-бакIазул цIарал, абулеб къагIидаялда хъвазе. ГьабсагIат ругел битIунхъваялъул правилабазда гьелъул хIакъалъулъ кьураб баян гьечIо. Нижеца цIиял хIадурарал правилабазда абулебщинаб жо абулеб къагIидаялъ хъвазе бихьизабун буго. Дица гьаб макъалаялда бакI-бакIазул цIарал нилъеца абулеб къагIидаялда хъвалел руго.

Е. М. Шиллингица хъвалеб буго гIандадерил мацIазда кIалъалел гIадамал магIарул мацI бицунел гIадамаз бакътIерхьудехун къазарунилан. Амма гьес хъвалеб гьечIо кида гьеб ккарабали, щиб заман гьеб букIарабали. Гьединаб масъала гьес жиндаго цебе лъун букIинчIилан ккола. Гьелдаго цадахъ абизе ккола, гьеб ккезе кколин IV-V гIасрабазде щвезегIанин абун, щайгурелъул гIемерисел гIалимзабаз хъвалеб буго Дагъистаналъул аслиял халкъазул гIорхъаби гьеб заманаялдаса хадур дагьа-макъал гурони хисичIилан. МагIаруллъиялъего гIаммаб мацI цIцIунтIадерилги гIандадерилги мацIазде бикьизе байбихьун буго нилъер эраялъул авалалда (ай, гIагашагарго гьанжеялдаса 2000 соналъ цебе). Бищун цере ратIалъун руго цIцIунтIадерил мацIал. Гьелдаса щунусго соналъ хадур рижизе байбихьун буго гIандадерил мацIалги магIарул мацIалъул жанисел сверелалги. ТIоцере цIцIунтIадерилги гIандадерилги мацIал рукIун руго гIаммаб мацIалъул сверелал, хадур гьел сверун руго жалго жидедаго чIарал мацIазде. Гьелдасаги цебе чачаназулги ингушазулги магIарулазулги гIаммаб мацI букIун буго. Гьелъие нугIлъи гьабула гьорлъе ракканагIан гьел мацIазул гIаммлъи цIикIкIунеб букIиналъ ва цоцада релъарал хасиятал гIемерлъулел рукIиналъ.

Дагъистаналъул халкъазул некIсияб хъвай-хъвагIай букIинчIолъиялъ нилъ тIамулел руго гьезул хIакъалъулъ цойгидаз хъвараб жоялда гIей гьабун чIезе, гьелда божизе. МагIарулазул ва нилъер гIиссинал къавмазул хIакъалъулъ хъван батула батIи-батIиял некIсиял тарихчагIаз, географаз, тира-сверулел гIадамаз, ханзабаз (Страбоница, КIудияв Плинийица ва цойгидаз). Нилъер эра щвелалдего. 722 — 705 соназ ханлъун вукIарав Ассириялъул хан Саргон КIиабилес 715 соналъ Урартуялъул Манна абураб шагьаралде гьабураб тIадекIанцIиялъ гьезул 22 хъала бахъула. Гьелдаса хадуб, гьес бахъула Андия яги Мисианда абулеб ракь. Телусина вукIуна гьеб ракьалъул хан. Гьелдаса хадурги гIемерал чабхъенал гьарун, Саргон КIиабилес Ассириялъул ракь цIакъ гIатIид гьабула. 705 абилеб соналъ гьев чIвала. Гьес гьениб рехсараб Андия нилъеца рикIкIине бегьулищ гIандадеридехун гьоркьоблъи бугеб ракьлъун? Дир хIисабалда, бегьуларо. Андия абураб рагIиялда гьоркь нилъер гIандал рати щакаб жо буго. Гьединго хъван буго Саргоница Куммух абураб улкаги бахъанилан. Гьеб Куммухги гьанжесеб Кумухалдехун (Гъазигъумекалдехун) гьоркьоблъи бугеб бакI бати щакаб жо буго. БатIаго росун, гIандалги тумалги Каспий ралъадалъул кьилбаялъул рахъалда, киналго Дагъистаналъул халкъаздасаги тIун рукIин щакаб жо буго. ТIасан балагьун релълъен-хъвай букIин гурони, гьел цIаразул жанисеб хурхен гьечIо, дир хIисабалда.

Амма гьеб бицен гьабураб ракьги жибго Урартуги Урмия хIорил рагIаллъабиги цIакъго цебе заманалда Дагъистаналъул халкъазда жидер мацI релъарал халкъаз гIумру гьабун букIарал бакIаллъун рикIкIуна. Гьеб букIун буго эрмениялги Иранальул халкъалги гьанже жалго ругеб бакIалде рачIиналде заман. БатIаго росун гIандал рукIаниги тумал яги цойги Дагъистаналъул халкъал рукIаниги цо бакIалда батIаго рукIанин абураб жо ккола, дир хIисабалда, букIине рес гьечIеб жо, щайгурелъул Дагъистаналъул халкъазул тарих цоцадаса тIей гьечIеб, цоцадаса киданиги батIалъичIеб буго. ГIандадерил мацIал цоцаде цIакъго гIагарал руго. МагIарул мацIги буго гьезулгун цIикIкIараб гIагарлъи бугеб, амма гIандадерил мацIазул жидедаго жаниб бугеб гIагарлъи цIикIкIараб буго гьезул щибалъул магIарул мацIалъулгун бугеб гIагарлъиялдаса. Балагьараб мехалда, гьездаса магIарул мацI батIалъун буго гьел жеги цо мацIалъул сверелаллъун ругеб заманалдаго. Гьеб батIалъи ккун буго цIцIунтIадерил мацIал гIаммаб мацIалдаса ратIалъун хадуб.

МагIарул мацIалда бугеб «гIандал» абураб рагIул магIна щиб ва кинаб гьоркьоблъи бугеб гьеб рагIул жидецаго гIандадерица жидедего абулеб «гъваннал» абулеб рагIудехун. Щай гIандадерил мацIалда гьечIеб «гIандал» абураб рагIи? Нилъер мацIалъул гIалимзабаз хъвавухъе, цого бакIалъул, цого росдал цIар батIи-батIияб къагIидаялда аби Дагъистаналъул мацIазда жаниб къанагIатаб жо гуро. Масала, Болъихъ росдал цIар балъхъадерил мацIалда абула Буйихе абун.

ГIурус мацIалъул Ботлих бачIун буго Буйихеялдасан гуреб, Болъихъалдасан. Гьелдасанго лъугьун буго лак мацIалъул Бущихьи (гьебги бачIун буго Бухьихи абураб формаялдасан). Амма «гIандал» абурабги «гъваннал» абурабги рагIиялда гьоркьоб гьединаб бухьен чIезабун бажаруларо, щайгурелъул нилъеда лъаларо «гъваннал» абураб рагIул магIна. ГIандадерил мацIалъул кумекалдалъун гьелъул магIна гьабун бажаруларо. ГIандадерил мацIалда гьечIо гI гьаракь. Гьеб мацIалда магIарул гI гьаракьалъе данде ккола гь гьаракь, масала гIункIкI – гьинкIкIу. Щиб рагIиха кколеб, гьедин батани, ГIанди яги гьелдасан бачIараб гIандал? Абизе ккола, гьеб рагIул кьибил бугин гIан, -ди абуни бугин суффикс, жиндицаги « жаниблъи » магIна кьолеб, масала кIал-ди-б, ба-ди-б ва гь.ц. ГIан абураб кьибил жиделъ

ГIандалал руго магIарул тарихалда гъорлъ гъваридаб лъалкI тараб къавм, эркенаб жамагIат. ГIанди и гIандалал абурал рагIабазул гъоркьоблъи буго Хьиндахъ ва хьиндалал абурал рагIабазда гъоркьоб бугеб гIадаб. Хьиндахъ буго лъеда аскIоб бугеб росу. Хьин, лълъин(м) абураб кьибил гIаммаб буго киналго дагъистаналъул мацIазе(масала гIандадерил мацIазда лълъен(и), лълъин, дарг. шин, лак. щин, таб. шар, шад, шед, агул. хьед, шед, рутул. хь`ед, лезг. йад ва гь.ц.). «Хьиндалал» буго ГIанди ва Авар гIурул рагIаллъабазда пихъ бижулел бакIазда ругел росабазул гIаммаб цIар.

ГIандалал ругониги, гIандал ругониги цойги-цойги гIан гъоркьор ругел тIадехун рехсарал цIарал ругониги, гьел киналго руго цого магIнаялъул цIарал. ГIанди росдал цIар буго магIарулаз гьезде лъураб, «тIаса гIодобе балагьараб бакI лъугIараб жаниблъиялда бугеб росу» абураб магIна бугеб росу. Амма гъваннал абураб рагIиялъул жибго гIандадерил мацIалда гьединаб магIна гьечIо.

ГIандадерица магIарулазде абула хьиндалол абун, щайгурелъул гIандадерида аскIоса гIебеде ругел магIарул расабазул гIемерисел пихъ бижулел бакIазда руго. Гьедин гьеб рагIи халкъалъул цIарлъун лъугьун буго. Амма Муни яги Кванххидалъ росабазул гIадамазде гIандадерица хьиндалол абун абуларо, гьел пихъ бижулеб бакIалда ругониги. Гьелъги нугIлъи гьабула гьеб рагIи халкъалъул цIаралде сверун букIиналъе. ГIанди абураб рагIи ккола хъвалсараб аслуян мацIалъул гIалимзабаз абулеб форма. «Жаниблъи» магIна кьолеб батани, кинаб жаниблъиха гьениб букIине кколеб ва тIубанго гьеб рагIул магIна щиб? Гьеб лъазе нилъее кумек гьабула гьелда релълъарал цIарал цойги-цойги бакIаздаги ратиялъ. Масала, ругъеждерил гIалах ГIанада майдан, Куллаб росдал мегъ ГIанада, ГIандима гьаргIи, Гьонода росдал ГIанди ицц, Гьарадерихъ росдал ГIандяла. Гьеб цIар гьанир рехсечIел цойги-цойги росабазулги буго. Гьал киналго руго географиял терминал, «гIандал» абуни буго къавмалъул цIар.

Гьел цIаразда гъоркьоб бугеб хурхен буго гьезул рачIин, рижи цо букIин. РагIи хисулаго, магIарул мацIалда жаниб рагIул кьибилалъулъ хиси ккола. Хъвалсараб аслуялъул порма жиб батани, гIан аслияб падежалда батIайса букIине ккола. Масала, тIегь абураб рагIи хисун уна тIогьоца абун. МагIарул мацIалдаса нагагьлъун тIегь абураб рагIиги тIагIун, тIогьоца абураб хутIани, гьезда гьоркьоб букIараб хурхен чIезабизе захIмалъизе буго. Гьаб бакIалда дица «абгил » абураб рагIи хъвани, гьеб аслияб падежалда лъезе захIмалъизе буго гьеб рагIи жеги рагIичIев чиясе. Гьедин хисула «огоб » абураб рагIи. Гьединлъидал, нилъеца балагьизе ккола гIан(ди) кибехун свараараб порма кколебали.

Гьелъие данде ккола гIоно абураб рагIи. Щайгурелъул, «гIодобе балагьараб» абураб магIна кьезе гьеб рагIи нилъеца гIемер хIалтIизабула. Масала, абула гIанабаздаса гIодове валагьун вугила довилан. ГIоно ккола гIодобе балагьараб бакI. ГIандалал ругониги, гIандал ругониги цойги-цойги гIан гьоркьор ругел тIадехун рехсарал цIарал ругониги, гьел киналго руго цого магIнаялъул цIарал. ГIанди росдал цIар буго магIарулаз гьезде лъураб, «тIаса гIодобе балагьараб бакI лъугIараб жаниблъиялда бугеб росу» абураб магIна бугеб росу. Амма гъIваннал абураб рагIиялъул жибго гIандадерил мацIалда гьединаб магIна гьечIо. Лъалеб жо буго кIиго нн гьаракь цадахъ аби гIандадерил мацIалъе хасиятаб жо букIин. Гьеб лъугьуна рагIулъ н ва л гьаракь данде ккани, масала, лълъен-на ← лълъен-ла «лълъеда». ГъIваннал букIине бегьула гъIван-ла-л абураб къагIидаялдаги. МагIарул мацIалда гьечIо гьеб гъI гьаракь. Гьелде абула зарараб хъ гьаракьилан. Амма Дагъистаналъул цойги-цойги мацIазда гьеб гIемер хIалтIизабула (масала, лак, дарги, лезги мацIазда).

Гьанжесеб Казбек районалъул ракьалде абула НахъбакIилан. Харахьи, ГIорутIа ва цойгидалги гьезда сверун ругел росабазде абула нахъахьиндалалилан. Гьеб буго хундерица гьезде абулеб цIар, жидедаго нахъехун гьел рукIиналъ. Гьединабго нахъа магIна батизе бегьула гъIваннал абураб рагIулги (данде ккве гъванща).

Хунзахъ, Унссоколо, Гумбет районазул росабазул цIаразул магIна гьабулаго, абизе ккола гьенир гIумру гьабун ругел магIарулазул мацIалъул жанисел батIалъаби гIезегIан ругилан. Гумбет районалъул жаниблъиялдасан чвахула ГIандигIор. ГIорги гIорхъиги магIарул мацIалда цого кьибилалъул рагIаби ккола. АваргIорги ГIандигIорги руго рахине захIматал, гIорхъалаби гIадал гIорал. Гумбет районалъул ракьалдасан ГIандигIорул квегIаб рахъ буго нахъбакIалъул сверелилан мацIалъул гIалимзабаз абулеб, кваранаб рахъ буго хундерил сверелилан абулеб. Хундерил сверел буго АваргIоралдаги ГIандигIоралдаги гьоркьоб. ГIоралъ мацIал рикьула кIиго сверелалде яги мацIазде. Масала, чIамалал руго ГIандигIоралъул квегIаб рахъалда, багвалалги тIиндалги руго кваранаб рахъалда, НахъбакIалъул сверелалда кIалъалеб ЧIиркъатIа росу буго квегIаб рахъалда, хундерил сверелалда кIалъалеб ГIашилта росу буго кваранаб рахъалда, гьединго бакъбаккул сверелада кIалъалеб Рихьуни росу буго Авар гIорул кваранаб рахъалда, хундерил сверелалда кIалъалеб Балахьуни росу буго квегIаб рахъалда. Гьеб низам хвезабун буго кIиго росдаца. Генуб росдал буго хундерил сверел, гьеб букIине кколааан хундерил сверелалда кIалъалел киналго росбиго гIадин, Авар гIорул квегIаб рахъалда. Гьединго Гумбет районалъул Гъоркьияб Гьарадерихъ росдал буго нахъбакIалъул сверел. Гьеб букIине кколаан ГIандигIорул квегIаб рахъалда. Гьелъул кьучIалда абизе бегьула, цебе заманаялда генал рукIун ругин АваргIорул квегIаб рахъалда, гъоркьагьарал рукIун ругин ГIандигIорул квегIаб рахъалдайилан. Цоцазул ракьал рахъулеб, росаби чIунтизарулеб заманаялда цо росу цойги бакIалде бахъине ккеялъулги, тIубанго росаби тIагIиналъулги хIужаби гIемерал руго. Гьеб гьедин букIараблъи чIезабиялъе мацIалъул гIелмуялъги кумек гьабулеб буго.

Росабазул цIаразул магIна гьабизе тIоцебе макъала хъварав чи вуго Ш. И. Микаилов. Гьес хъван буго МелъелтIа росдал магIна эркенго бачIунила гIандадерил мацIазул милъи абураб рагIудасан. Гьелъул магIна ккола «бакъ» абураб.

ГIандадерица мелъелдериде абула милъийол абун. Гьелда данде ккола магIарул бакъдассел абураб рагIи ва лъарагI Гумбет абураб рагIи. Гьел киназулго цого магIна буго «бакълъул рахъалда, бакъда ругел» абураб. Гумбет буго магIарул мацIалдаса лъарагI мацIалде районалъул цIар буссинабун лъугьараб рагIи. МагIарул мацIалда букIине кколаан Бакъдаб район абун. Этнограпиялъул гIалимчи М. Агъларовас магIна гьабун буго цо-цо росабазул цIаразул. Гьес хъвалеб буго Гьадари бугила гьадоралда хурхараб цIар (гьадор «лъар» гIандадерил мацIалда). Гьединго Щабдухъ – Сиюхъ (щеб «си»), ЧIиркъатIа – чIабатI бахъулеб бакI (чIир «чIабатI»), БакьайчIи – бокь, кули (бекьи «бокь»). Ахираб заманалда хьвазе байбихьун буго БакьагьечIи абун. Гьеб буго щибго кьучI гьечIеб мекъаб хьвай. Гьедин лъицаниги абуларо хьвазеги бегьуларо.

ГIуркIачIи, ГIахьалчIи, Хара(й) чIи, БакьайчIи руго цого кьерда ругел цIарал. Гьезул ахиралда бугеб чIи ккола аскIоб магIна кьолеб гIаламат. МагIарул мацIалда гьелда данде ккола хъ гIаламат (масала, Ххунха-хъ). Абизе бегьуларо ГIуркIагьечIиб, ГIахьалгьечIиб яги ХарагьечIибиланги. Ургъун бахъулеб жо букIунаро росдал цIар. Гумбет, Унссоколо, Ххунзахъ ва дагъабго Гъуниб, Хьаргаби, Шамил районазул росабазул ва магъил цIаразул хIисаб гьабураб мехалъ якъинго бихьулеб бихьулеб буго гьел цIаразул магIарул мацIалда щибго магIна гьечIолъи ва гьезул магIна гьабун бажари нилъер гIисинал къавмазул мацIазул кумекалдалъун.

БолмацI бижун буго бакъбаккулги, ххундерилги, нахъбакIалъулги кьучIалда гьел сверелазда кIалъалел гIадамал гьанже жалго ругеб бакIалде рачIун хадуб. Дагъистаналъул киналго гIисинал къавмал, гьездаго цадахъ нилъер магIарул къавмалги рагIа-рагIалде ккеялъе гIиллаги буго гIисинал халкъазул цо бутIа чIахIиязда гъоркьоре ккун гьезул мацI бицунел гIадамазде сверанилан абураб.

Кин гьеб гьедин ккараб? Балагьараб мехалда тIадехун рехсарал районазул ракьалда гьенире магIарулал рачIиналда цере гьенир гIумру гьабун рукIун руго гьадаб микьабго мацI бицунел гIандал, балъхъал, гьодоберисел, гIахьвалал, кIкIаралал, чIамалал, багвалал, тIиндал. Цо заманаялдасан гьел росабалъе бакъбаккул рахъалдасан рачIине байбихьун буго магIарулаз. ТIаде рачIаразул къадар цIикIкIун гьезул мацIги бергьун буго ва цо нусго-кIинусго соналда жаниб гъоркь рукIаразул мацI тIагIун магIарул хутIун буго. Амма росабазул цIаралги магъил цIаралги гъоркь ратаразул къагIидаялда хутIун руго. Ахираб кIудияб халкъазул багъа-бачари букIана Рекъав Тимур Дагъистаналде вачIараб I396 соналъ. Гьеб заманаялда лъарагIлъиялдегIан къан ран рукIарал магIарул росабиги рехун тун гIадамал гьениса эхеде рахъине ккана гьес кIудияб магъало лъун, гIакъуба кьун толарого. Гьеб заманаялъ ккараб хиса-баси батизеги бегьула гьеб. Тарихалда жаниб чIванкъотIун гьелъул хъвараб жо щибго гьечIо. МагIарул мацI бицунел гIадамал рукIун ритизе ккола гьанжесел ЧIарада, ЛъаратIа,

Гъуниб районазул ракьазда, ЦIцIоралда. Масала, гIандалазул свералалъулги гIандадерил мацIазулги релълъарал рахъал цIцIикIкIун руго нахъбакIалъул сверелалъулги гIандадерил мацIазулгиялдаса. Гьелъул магIна ккола гIандалаги гIандадерил мацIазда кIалъалел къавмалги цере цоцазул гIорхьода рукIун ругилан абураб. БолмацI бижун буго бакъбаккулги, ххундерилги, нахъбакIалъулги кьучIалда гьел сверелазда кIалъалел гIадамал гьанже жалго ругеб бакIалде рачIун хадуб. Дагъистаналъул киналго гIиссинал къавмал, гьездаго цадахъ нилъер магIарул къавмалги рагIа-рагIалде ккеялъе гIиллаги буго гIиссинал халкъазул цо бутIа чIахIиязда гъоркьоре ккун гьезул мацI бицунел гIадамазде сверанилан абураб.

**МухIамад МухIамадов**

**ДНЦялъул ИЯЛИялъул грамматикиял цIех-рехазул отделалъул нухмалъулев**

**Баяналъул кьучI: Казият «Миллат». МахIачхъала**

# Языковая проблема не новая...



**Сегодня все вдруг заговорили о проблеме сохранения родных языков.**

**А ведь, процесс предания забвению национальных языков народов Дагестана был запущен еще при царе и за полтора столетия практически никогда не прекращался.**

Известный Дагестанский просветитель, учёный и религиозный деятель начала 20 века Али Каяев писал в издаваемой им газете «Джаридат Дагистан» (Июнь, 1917 г.): «…Польза от национальных языков такая же, как польза от нашей самостоятельности, от нашей культуры. Если мы отриним свой язык и примем чужой, то мы потеряем свою национальность, перестанем быть детьми своих отцов…».

Еще на заре Советской власти в Дагестанском обществе шла дискуссия о целесообразности сохранения национальных языков.

Профессор Н.С. Джидалаев в труде «Национальный вопрос и проблемы народов. Поиски и суждения». Махачкала 1975 г. пишет: «Вот, что писал в те годы Н.Самурский: «Литературы и науки на аварском, даргинском, лакском и кумыкских языках нет и никогда не будет, ибо создавать ее для нескольких тысяч человек нет расчета…».

Единственный путь дальнейшего существования народов Дагестана виделся в приобщении их к какому-либо культурному языку... Таким языком, как известно, виделся русский.

В защиту национальных языков выступил первый нарком просвещения Дагестана Алибек Тахо-Годи, который в 1927 году, выступая на партконференции, заявил: «…Тут высказывались такие соображения, что если мы будем развивать племенную культуру и национальные языки, то получится не дело, а только мука. Дагестанская Республика в один несчастный день может оказаться не Республикой. То, что плохо склеено, то всегда распадается, но я думаю, что такой распад возможен скорее, если мы будем склеивать не склеиваемое, тогда может произойти взрыв и может лопнуть то, что не хотелось бы, чтобы лопнулось».

**Статус-кво**

В принципе ничего неожиданно законопроект о «родном языке» не предлагал, а всего лишь фиксировал статус-кво, сложившийся в обществе в вопросах изучения и практического применения родных языков.

Не секрет, что неуклонно растет число Дагестанцев, не владеющих родным языком.

Согласно данным социолингвистического обследования, проведенного в Дагестане, количество городских школьников, совершенно не владеющих родным языком, достигает тридцати процентов. Более 75% старшеклассников признали, что не читают и не пишут на родном языке, и почти все опрошенные не слушают национальные радиопередачи.

Особенно остро эта проблема коснулась представителей переселенных народов. Насильственное переселение с гор на равнину сороковых годов, «кутанизация» горных поселений 50-60-х годов, массовое переселение горцев в города в 90-х – всё это породило целое поколение молодых людей совершенно оторванных от «своих корней». Язык тесно связан с Родиной – территорией традиционного расселения народа. Когда живешь на чужой земле, невольно приоритетными становятся ценности, превалирующие на данной территории, и прежде всего, языковые. Естественно, главным языком для представителей переселенных народов оказался – русский. Язык, на котором говорят в детском саду, учатся в школе, слышат на улице, в магазине, общественном транспорте, учебных заведениях, трудовых коллективах…

Государственный статус родных языков предполагает, что на этих языках ведется делопроизводство в органах государственной и местной власти. Но, кто из Вас в последние годы читал какой-нибудь нормативный акт органов местного самоуправления изданный на родном языке? Я не видел ни одного акта государственной власти Республики Дагестан, переведенного на государственный аварский язык. Уверен, точно таково положение и с другими государственными языками нашей Республики.

**Другая сторона медали**

В аварском языке родной язык переводится как «рахьдал мацI», что означает «молочный язык» - язык, который ребенок получает вместе с материнским молоком, язык колыбельной песни, на котором мать молится Всевышнему за своих детей. Поэтому, по крайней мере, странным выглядит преподавание в школах качестве «родного», другого языка, не являющегося родным для детей из семей непризнанных народов.

Можете ли себе представить состояние Ботлихского, андийского, годоберинского, каратинского… первоклассника, когда учитель с первых же уроков говорит с ним на совершенно непонятном ему языке? Благодаря всеобъемлющему влиянию телевидения, и других ИТ-технологий, они больше понимают русский язык, но ни слова на этих т.н. «родных» языках. Дети еще не понимают, что преподаваемый им в качестве «родного» - это язык не его народа, а другого и, вырастая к урокам «родного» языка относятся также как и к русскому, английскому, немецкому, … которые просто необходимо изучать в рамках школьной программы. Школа упорно навязывает сознанию ребенка, что этот непонятный язык для него является родным и впоследствии дети даже начинают верить в это, также как и в то, что тот язык, на котором мать пела ему колыбельную, является всего лишь «диалектом» главного – титульного языка.

Таким образом, законотворческая деятельность властей в сфере языковой политики обнажила еще и саму проблему непризнанных народов Дагестана, которые ранее преступным постановлением Госсовета РД №191 от 18.10.2000 г. «О коренных малочисленных народах РД» были разделены на две категории: т.н. «титульных» и остальных – 16 непризнанных народов, приписанные к более крупным народам. Перед угрозой языковой дискриминации, все дагестанские народы оказались в равных условиях.

На этом фоне странно наблюдать за поведением некоторых представителей т.н. «титульных» этносов, выступающих против признания 16 коренных малочисленных народов Дагестана и права этих народов на родной язык. Как только кремлевская бюрократия заявила о факультативном преподавании родных языков в школах, они тут же завопили в негодовании. Хотя их можно понять – именно так надо защищать свои сакральные ценности. Но надо иметь в себе мужество признавать и право всех народов на изучение в школах родного языка.

Думаю, теперь, когда «дамоклов меч» насильственной ассимиляции зависи над т.н. «титульными» народами, у них хватит мудрости понять, что после 16 непризнанных народов, наступит очередь их народа.

**Проблема не только языковая**

Тот же Али Каяев писал: «…Разве не видно, что молодежь, закончившая русские школы, перестает уважать горскую культуру и быт, стыдятся на языке отцов разговаривать, почитают русскую мораль! И это произошло за короткий промежуток, а если бы прошло 100, 1000 лет, то мы вообще перестали бы быть дагестанцами, наше имя осталось бы лишь в истории. Государство Николая не от глупости расходовало огромные средства, чтобы привлечь на свою сторону горцев. Так поступают и другие европейские державы. Это делается для возвышения своей нации и поглощения малых народов».

Как известно, язык является самым сильным инструментом сохранения и развития материального и духовного наследия народа. Вслед за языком народ теряет культуру, традиции, религию... Народ, незаметно принимая чужие ценности, становится частью другого народа.

Великий историк, этнолог, археолог и востоковед Л.Н.Гумилев говорил об ассимиляции в современных условиях: «…Вариант ассимиляции чаще всего осуществляется методами не столь кровавыми, сколь обидными. Объекту ассимиляции представлена альтернатива: потерять либо совесть, либо жизнь. Спастись от гибели можно путем отказа от всего дорогого и привычного ради того, чтобы превратиться в человека второго сорта среди победителей. Последние тоже мало выигрывают, так как приобретают соплеменников лицемерных и, как правило, неполноценных, так как контролировать можно только внешние проявления поведения покоренного этноса, а не его настроения».

Поэтому самая главная проблема - это проблема насильственной ассимиляции, когда власти, используя государственную бюрократическую машину, создают условия для принудительной ассимиляции малых народов.

Общество должно консолидироваться в борьбе за сохранение всех народов Дагестана, а не только т.н. «титульных». Притом не только языка, но и истории, культуры, традиций, территории исторического расселения.

Потеря (ассимиляция) любого из малочисленных народов – это сигнал, возвещающий о скорой гибели другого более крупного этноса. Кто не видит этого, тот – слеп! А когда, усилиями лжепропаганды, более крупные народы вовлечены в процесс принудительной ассимиляции более мелких народов, то такие народы уже обречены на вымирание, так как по закону Всевышнего тот, кто роет яму другому, сам в неё попадёт!

Компрадорская элита в условиях принудительной ассимиляции

Известно, что конкистадоры дарили индейским вождям стеклянные бусы, выменивали их на золото. Через сотни лет, конкистадоры (не те - испанские или португальские, а свои - российские) также дарят «бусы» нашим вождям – бюрократической «элите»… Взамен «элита» выполняет установки центра… Любые, даже самые абсурдные, направленные против самих себя, своих детей и потомков…

После покорного выражения Республиканским парламентом согласия с волей кремля: «СЧИТАТЬ ОТНЫНЕ РОДНЫЕ ЯЗЫКИ ВТОРОСОРТНЫМИ!», у меня не осталось ни малейшего сомнения, что они предадут народы Дагестана при первой же возможности.

Не потеря языка, а наличие такого истеблишмента и «молчание» духовенства – вот главные угрозы для Дагестанских народов.

Социальный паразитизм и приспособленчество - единственный способ выживания для представителей коренных народов. На лиц и группы населения, не желающих встраиваться в предложенную систему координат, навешиваются ярлыки, приписывая им какие-либо свойства и качества негативного характера.

Конечно, глупо противиться естественной межэтнической консолидации, в результате которой образуются крупные народы. Через это прошли все народы мира. Но, когда власти, применяя старые испытанные средства, создают слой «благомыслящих» и «благонамеренных» к властям граждан, отличительной чертой которых являются подхалимаж, лакейство, желание прислуживаться и, опираясь на этот слой, проводят свою неоколониальную политику – это ни к чему хорошему привести не может. Вся история постсоветского Дагестана – яркое этому свидетельство…

**М.Гасангаджиев,**
**председатель Ассамблеи коренных народов Дагестана.**

# РАХЬДАЛ МАЦIАЛ ЦIУНИЯЛДЕ
# АХИИ БАН ГIОЛАРО, МУРАДАЛДЕ ЩОЛЕЛ ИШАЛГИ ГЬАРИЗЕ ККОЛА



Россиялъул батIи-батIиял жамгIиял гIуцIцIияз, мацIазул гIелмиял идарабаз, хъвадарухъабазул цолъиялъ, журналистазул гIуцIцIияз ва гьезул хIаракатчагIи -хIалтIухъабаз ахирал соназда кIудияб рахIатхвей загьир гьабулеб буго халкъазул мацIал загIиплъулел рукIиналъул ва гьел цIунизе ккеялъул хIакъалъулъ. Ахирал соназда гьелъул рахьалдасан хассаб жигарчилъи бихьула мацIаздалъун бечедаб Дагъистаналъул халкъалда гьоркьоб: тIоритIула гIелмиялгун-жамгIиял данделъаби, гIалимзабаз, хъвадарухъабаз, мугIалимзабаз, журналистаз ва халкъалъул букIинеселъул кIвар бугел жамгIиял церехъабаз гьоркьоса къотIи гьечIого бицуна мацIал лъугIун унел рукIиналъул, гьел дагьлъулел рукIиналъул ва цIунизе ккеялъул хIакъалъулъ. Гьелъ рахIат хвезабичIого кинха букIинеб – мацIазул кумекалдалъунлъидал щибаб халкъалъул жиндиего хасиятаб рухIанияб бечелъиги маданиятги цIунулеб ва хадусеб гIелалъухъе кьолеб?

Чанго соналъ цебе мацIазул рахъалдасан лъугьун бугеб пашманаб хIакъикъаталъ рахIат хвезабурал магIарул хIаракатчагIаз гIумрудул бечедаб хIалбихьи бугев ГьадерихIа Зубаирил МухIамадил нухмалъиялда гьоркь гIуцIцIун букIана «Вацлъи» абураб жамгIияб гIуцIцIи ва гьелъ бажараб хIалтIи гьабуна рахьдал мацI ва магIарул маданияталъул бечелъиги тарих цIуниялда тIад.

ХIаракатчагIаз саламатаб хIалтIи гьабуна: тIоритIана гIалимзаби, мугIалимзаби, хъвадарухъаби, журналистал ва жамгIиял хIаракатчагIи гIахьаллъарал данделъаби, гIуцIцIана магIарул тарих ва адабият цебетIезабиялъе батIи-батIиял сайтал, къватIиб биччана гьелъул бицен гьабулеб газета, гIуцIцIана магIарул мацIалда передачаби къватIире кьолеб Авар ТВ студия, гьаруна гIемерал цойгидалги халкъалъе пайдаял хIалтIаби. Амма хIаракатчагIазда заманалдасан бичIчIана рахьдал мацIалъул «унтабазе» гIиллаби батIиял рукIин.

КъватIисел пачалихъазул ва Россиялъул гIиссинал халкъазул мацIазда тIад хIалтIулел гIалимзабазул бихьизабиялда рекъон, мацIал тIагIиналъе аслияб гIиллалъун ккола гIумруялъул щибаб бутIаялда цогидаб, гIемерго бечедаб ва къуватаб мацIалъ кверщел гьаби. Масала, гьеб гIиллалъун ингилисаз Австралиялда тIад кверщел гьабуралдаса хадуб цереккун гьенир рукIарал 300 гIанасеб мацIалдасан жакъасеб къоялде гIицIго I20 гIанасеб гурони мацI хутIун гьечIо. Гьездаго гьоркьор 5-I0 чиясда гурони лъаларел мацIалги руго.

ГIалимзабазул баяназда рекъон, ахираб II0 соналда жаниб Россиялда тIагIана микьго мацI: югалъул нивхазул, югсазул, бабиназулгунсаамазул, камасиназул, убыхазул, сиреназулгун-эскимосазул, сахалиназулгун-анскийазул ва курилазулгун-анскиязул мацIал.

ТIолабго дунялалдаги буго гьединабго ахIвал-хIал. Масала, жакъасеб къоялде хIалтIулел анкьазаргоялдаса цIикIкIараб мацIаздасан щибаб соналъ ункъго мацI тIагIунеб бугилан абула гIалимзабаз.

Россиялда гIиссинал халкъазул мацIал тIагIиналъе гьадинал гIиллаби рехсолел руго:

- чанго мацIал цолъизарун, гIаммаб мацI кинигин тасдикъ гьаби;
- мацIаздаса пачалихъияб даражаялда инкар гьаби;
- мацI хIалтIизабулел, ай гьелда кIалъалел бакIазда ругел росаби ва гьелъул магIишатиял рахъал тIагIин;
- тарбия - лъай кьеялъул рахъ чучи, яги лъугIизаби;
- халкъалъ пайда босулеб гIаммал баянал басмабазул харбазулъ тIагIин;
- законалъ мацIал цIуниялъе рихьизарурал тIалабаздаса ва шартIаздаса цIвалде щун пайда босулеб гьечIолъи;
- лъай кьеялъул идарабазда рахьдал мацIазде кIваркьей чучлъи ялъуни гьелдаса инкар гьабизе лъугьин ва хасго гIиссинал халкъазул мацIал хIажат гьечIилан мекъаб пикруялде мугъчIвай гьаби;
- рахьдал мацIал малъиялъе ва лъазариялъе ургъунго квал-квал гьаби;
- лъай кьеялъул идарабазда рахьдал мацI лъазабиялъул тIалабал гьечIолъи ва школазда малълъулел мацIазда гьоркьоб рахьдал мацI лъазабизе тIадаб бугилан тасдикъ гьабун гьечIолъи;
- 2001 соналда Европаялъул Хартия Россиялъул Президентас тасдикъ гьабиялде мугъги реххун, жакъасеб власталъ Россиялъул Федерациялъул гIиссинал халкъазул мацIал цIуниялде кколеб кIвар кьунгутIи;
- миллиял мацIазда лъай кьеялде кIвар дагълъизаби (гьелъул даража 10-15 проценталде ккун буго);
- пачалихъиял мацIазда гьоркьоре унел миллиял мацIал малъиялъе рихьизарурал харжал ва дарсазул къадар дагь гьари.

ГIаммаб куцалда абуни, школазда лъай кьеялъул хIалтIи рахьдал мацIазда бачин дагьлъизабун буго. Масала, 1930-лел соназдаса хадуб Россиялъул школазда 48 мацIалда дарсал кьолел рукIун ратани, гьанже гьезул къадар 12-ялде ккун буго, гьебгиха, гIадамазе жидеего бокьун гуреб, тIадчагIазул хIаракаталдалъун. Гьелдаго цадахъ, мацIазул цIехрехал тIоритIулел гIалимзабазул баяназда рекъон, гIицIго школалда малъун гурони лъималазе рахьдал мацIалъул рахъалъ баянал щолел гьечIони, ахирисеб иргаялда лъималазул лъай загIипаб букIуна ва заманалдасан гьезда гьеб кIочона.

Гьелда тIадеги, 2018 соналда Лъай кьеялъул министерствоялъул хIаракаталдалъун жиб къабул гьабураб, лъималаз «жидеего бокьун гурони рахьдал мацI лъазабизе кколарин» абураб положениялъ кIвербакъи гьабулеб буго гIурус мацIалъ рахьдал мацIал гьанкъизариялъе, гьединаб ахIвал-хIал лъугьун буго тIолабго улкаялда.

Гьелдаго цадахъ кIвар кьезе бокьун буго гьадинаб рахъалдеги: лъугьараб ахIвал-хIалалъул рахъалъ гIайиб гIицIго пачалихъалде рехи битIараб букIинаро. Масала, I99I соналъул 25 октябралда бахъараб «Россиялъул Федерациялъул халкъазул мацIазул» хIакъалъул Законалда рекъон, ихтиярал кьун руго гIицIго жамгIияталда гьоркьор тIоритIулел гурелги, пачалихъиял тадбирал тIоритIиги хъвай-хъвагIаял гьариги рахьдал мацIалда рачине. Гьеб бихьизабиялдаса гIемерищ нилъер идарабазги хIакимзабазги пайда босулеб? Босуларо, гьебго законалда рекъон, рахьдал мацIаздаса инкар гьабиялъухъ ялъуни гьелъие квалквал гьабуралъухъ жавабчилъиялде цIазе ресги букIадго.

МацIал цIуниялда тIад хIалтIулел жавабиял хIалтIухъабазулги, гIалимзабазулги ва нижер «Вацлъи» жамгIияб гIуцIцIиялъ тIоритIарал халгьабиязда рекъон, гьелъие гьадинал нухал руго:

1. Россиялъул Федерациялъул Президентас гIурус мацIалда тIасан тасдикъ гьабураб Идара (Совет) «рахьдал ва гIурус мацIал, яги гIурус ва рахьдал мацIал цIуниялъул» абун хисизабизе;

2. Россиялъул Федерациялъул Пачалихъияб Думаялъ кIвар кьезе: «Европаялъул Хартаялъ» миллиял мацIазда тIасан тасдикъ гьабураб хIукму гIумруялде бахъинабиялде;

• 2007 соналъул 13 сентябралда ООН-алъ тасдикъ гьабураб «БакIалъулал халкъазул ихтияразул хIакъалъулъ» хIукму билъанхъизаби букIинабизе;

3. Россиялъул Федерациялъул Правительствоялъ, Лъай кьеялъул, Налогазул ва РукIа-рахьин цебе тIезабиялъул Министерствабигун ва, гьединго, мацIал цIуниялъул Советгун дандги бан, БакIалъулал миллиял мацIал ва халкъал цIуниялъул рахъалъ бихьизаби тасдикъ гьабиха;

4. Россиялъул Федерациялъул Лъай кьеялъул ва ГIелмияб Министерствабаз кIвар кьезе ккола гьал хадур рехсарал суалазде:

• Россиялъул Федерациялъул халкъазул мацIал цIуниялъул программа гIуцIцIи ва тасдикъ гьаби;
• Миллиял мацIал малъулел мугIалимзабазул къадар цIикIкIинаби ва гьезие пачалихъиял кумекалъулал шартIал рукIинари;
• Миллиял мацIал малъулезе ва Россиялъул халкъал цIуниялде жавабиязе хIалтIул бакIал рукIинари;
• Миллиял мацIал малъулел ва гьездалъун дарсал кьолел специалистал цIалулел лъай кьеялъул бакIал цIикIкIинари;
• Миллиял мацIал малъизе школазда тIадаблъун гьаби ва гьел дарсазде рачIин цIалдохъабазда тIадаблъун гьаби.
• Миллиял мацIал малъиялъул тIахьал цIикIкIинари ва гьеб малъиялъул къагIидаби цIиял гIуцIцIи ва басриял камил гьари;
• Миллиял мацIал лъазариялъе ва гьелде кIвар кьеялъе кьурал гIарзаби тасдикъ гьари ва тIалабал тIуразари;
• Миллиял мацIал лъазаризе ва гьелъие цIалулезе кколел харжал пачалихъияллъун рукIинариялъе тIалаб гьабизе;
• Миллиял мацIазда дарсал кьолеб куц ва гьеб цебетIезабиялъе ресал рати халкъазда гьоркьосеб бухьеналдасан, гьеб мурадалда телевидение хIалтIизабиялде кIвар кьей.
• Миллиял мацIал малъиялъул дарсал цIикIкIинари ва гьира бугезе факультативал рагьи.

5. Россиялъул Маданияб, Лъай кьеялъул ва ГIелмуялъул Министерствабазда дандги бан, Пачалихъалъул Миллиял ишазул агентствоялъ Россиялъул халкъал цIуниялъул программаби гIуцIцIизе ва гьел тIуразариялде кIвар кьезе;

6. Россиялъул Федерациялъул нухмалъулез миллиял мацIал лъазариялда цIалулел студентазе лъикIал шартIал чIезариялде кIвар кьезе;

7. Россиялъул халкъал цIуниялъе ва мацIал цIи гьариялъе хассаб идара (Совет) гIуцIцIизе ва гьелда цере чIван къотIарал масъалаби рихьизаризе:

• МацIазул Институталъ ва Лъай кьеялъул Министерствоялъ миллиял мацIал цIуниялъул программаби гIуцIцIизе ва гьел рагIалде рахьизариялда тIад гьоркьоса къотIи гьечIеб хIалтIи гьабизе;
• Иргадулаб халкъалъул хъвай-хъвагIаялда халкъазул къадар мухIкан гьабизе ва халкъал цIуниялде ва цере тIезариялде кьолеб кIвар цIикIкIинабизе.
• Миллиял мацIал цIуниялда ва гьел церетIезабиялда тIад хIалтIулезул гьира борхизабиялъе пачалихъиял Грантал чIезаризе.

8. Россиялъул Хъвадарухъабазул Союзалъ миллиял мацIазда тIахьал рахьи цIи гьаризе ва миллиял мацIазда хъвадарулезул къадар цIикIкIинабиялде кIвар кьезе;

9. Россиялъул Журналистазул Союзалъ миллиял мацIазда рахъулел газеталгун-журналал цIикIкIинариялде кIвар кьезе ва гьезул харжал пачалихъиял рукIинари тIалаб гьабизе;

10. Россиялъул ГIелмияб Академиялъ миллиял мацIазул халгьабиялъул гIелмиял къокъаби гIуцIцIизе ва халкъазул маданияб нахърател бакIариялдегун-цIи гьабиялде кIвар кьезе.

11. Пачалихъиял документал, гIурус мацIалдаго цадахъ, миллиял мацIазда гIуцIцIиялъе шартIал рукIинаризе;

I2. БакIалъул административиял ва жамгIиял гIуцIцIияз миллияб мацIалда данделъаби рачин ва хъвай-хъвагIай тIобитIиялде кIвар кьезе.

Дир пикруялда, рахьдал мацIал цIунеян гуро ахIи базе кколеб, гьеб халкъазда гьоркьоб кIвар бугеблъун лъугьинабизе ва гьелъие мурадалде щвараб хIалтIи гьабизе ккола.

ТIадехун рехсарал тIалабал нилъеца: пачалихъиял идарабазги, жамгIиял гIуцIцIиязги, миллиял ихтиярал цIунулел къокъабазги тIалаб гьаричIони, жибго пачалихъиял нухмалъулез нилъехъе росун рачIиналда кIудияб щаклъи буго. ЦIцIадал гараздасан лъугьуна чил-чилиялда чвахулеб лъарги, хъудулеб гIорги, гьелчолеб ралъадги. Гьелъухъего, нилъер щивас рахьдал мацI цIуниялде ва гьеб цебетIезабиялде кьолеб кIвар цIикIкIинабуни, ахирисеб иргаялда хIасил лъикIлъиялда щаклъи гьечIо.

**Таймасханов ИсмагIил,**
**Пачалихъияб таржамачилъиялъул гIуцIцIи.**

# МАГIАРУЛ МАЦI

Гьаб ахираб заманалда нилъ Дагъистаниял лъугьун руго «гIадатазул жулица» дол советияб заманалъул чIахIияб гIелалъ, умумузул гIадатал лъухьун тIагIинабураб гIадин, жидедаго лъачIого нилъер мацIал тIагIинаризе, гьелъие гIайибиял нилъго руго, лъимализда магIарул мацI малъулеб гьечIо, гьеб мацI тIагIинабиялъе квер бакъулел нилъеца рищарал депутаталги руго… МацI гьечIеб миллат- гьеб тарих гьечIеб къавм буго.

Гьал ахиресел соназда газетазул гьурмазда гIемер раккизе лъугьана авар мацI цIуниялъул хIакъалъулъ хъварал макъалаби. Щибаб макъала хъван букIана ракI унтуледухъ. Ва гьел макъалаби хъвалезул гIемерисел лъималазда магIарул мацIги лъаларо…

СССРалъул заманалда ТАССалъул лъазабиялщин магIарул мацIалда руссинарун лъолаан, жакъа газеталъул гьурмазда гIемерисеб хъвараб жо гIурусалъ бахъулеб буго. МагIарулазул данделъабазда кIалъаялги гIурусалъ гьаруни, газетаздаги макъалаби ва цогидабги гIурусалъ хъвани нилъецаго малъула гьечIищ гIун бачIунеб гIелалда магIарул мацI кIоченабизе. Амма дие ва дир хъизан-лъималазе рахьдал мацI буго ниж рацIадал магIарулал рукIиналъе нугIлъи гьабулеб Аллагьас кьураб калам. Гьелъул хIакъалъулъ дица гьадин абила:

Нилъ гьарураб ва гIураб гIагараб росулъ бицуна батараб магIарул гIадин берцинаб мацI лъилниги батиларилан ракIалда ккола дида. Нилъер гьулакалде тIадеги къулун, къарнабаз улбуз угъуги бачун, Бичас кьураб калам кинидахъа ккураб бицун, магIарулал гIезарураб гьайбатаб



мацI буго нилъер. Гьеб мацI нилъеца яс бер гIадин цIунизе ккола. Умумуз гIасрабаз цIунараб гьеб, гьанжесел гIелаз гIурус мацIгун жубазабун бицунеб буго, гьеб цIуниялда кIвар кьолеб гьечIо. Щай нилъеца нилъер гьастIа чияр мацI бицине кколеб? Чияр мацIал лъай лъикIаб иш буго, лъалеб нилъер рахьдал мацI кIочене тей таманаб квешлъи лъималазе толеб лъалкI буго. МагIарулазул аби буго ВатIан жидерго гьастIаса байбихьун бокьизе кколилан. ВатIан бокьулезе абуни, жиндир гьастIа умумуз бицуна батараб рахьдал мацIги бокьула. Кинав вукIунев магIарулав, магIарул мацI жинда бицине лъаларев. Жиндир рокьоб рахьдал мацI бицунарел магIарулал гьел жидерго миллаталъе хилиплъарал гIадамал ккола, гьезул билула кинабго: гIаданлъиги, гьитIинасул тIалаб гьабиги, кIудиясул адаб цIуниги, цIцIумаллъун жидер бахIарчилъиялда ВатIан цIунарал умумузул тарихги, миллатги ва исламияб динги. БитIараб буго, гьаб ахираб заманалда магIарул мацIалдехун нилъеца мугъ рехулеб букIин. Лъималазе бокьулеб гьечIо магIарул мацIалда кьолел дарсазде ине, гьезул цо-цо эменаз абуни какун гIурусалгун, гьездаса ратIалъизе кколин ахIдолел руго жидерго гьастIа гьезул мацIги бицун. Шагьаразда ругел школаздаго гIадин, гIиссинккун рахьдал мацI рехун тезехъин буго росабальги. РигIидалил каникулалъул заманалда, шагьараздаса росулъе рачIуна лъимал, жидерго кIудабазухъе магIарул мацI лъазабизеян, амма росдал лъималазда гIурус мацIги малъун нахъе уна гьел. Гьезул гьастIа магIарул мацI бицунеб букIарабани иш гьелдеги ккелароан.

Арал гIасрабазда хинкIица гIорцIараб чехьги гьечIеб, чадикъаб заманалъцин, чIужугIаданалъул каранда хахула букIана лъимер. Кинидул мокъиде тIадеги къулун, гьулакалъуб лъураб лъимер каранзул рахьги кьун беэдулаан эбелалъ рахьдал мацIалда. Эбелалъ пасихIал рагIабазда, магIнаял шигIраби щуридал лъимер бохулаан.

Жакъа гьедин гьечIо: лъимер хахизабулелги, кинидаги къулун лъимер бездулейги, гьелъие ахх бачун бечедаб магIарул мацIалда кучIдул ва туркаби ахIулел улбул рихьи къанагIатаб жо буго. Эбелалда тIадаб буго жиндир лъимералда рахьдал мацI малъизе. Жиндагоцин берцинго гIурус мацI лъаларей магIарулалъ лъимер чияр мацIалда кIалъан ругьун гьабулеб буго, лъимер чIараб гIелилан трубка кьун гьел бокьа-бокьарал жалазде балагьизе толел руго. Гьелдалъун гьезулъан гIаданлъи билун буго, гьезие гьитIинго тарбия щолеб буго чIвадарухъанлъиялъул, хъахIбалъиялъул ва квешлъиялъул.

МагIарул мацI тIагIинабиялъе тIоцебе кумек гьабулел чагIи руго жидедаго лъачIого эбел-эмен. МагIарул мацI цIуниялъул иш хасго эбелалда тIаса унаро.

Дун кIудияб гьираялда валагьула анкьида жаниб цо нухалъ бихьизабулеб магIарул телепередачаялъухъ. Гьеб бачуней нижер росулъай Хатимат МухIамадовалъ, магIарул каламалъул калимлъиялда бицунелъул дида ракIалда ккола гьалдаса бечедабги, чвахун бачIунебги ва пасихIабги мацI лъилниги батиларилан. Дунялалдаго машгьурал нилъер шагIирзабазул пасихIал кучIдуз гуриш нилъер магIарул мацI мугIрузул борхалъуде бахинабун бугеб.

Дие магIарул мацI кутакалдаса бокьула, щайгурелъул дир эбелалъ каранде дунги къан магIарул мацIалда вегIедидал, дица тIоцересел рагIаби магIарулалъ дадаги, бабагиян абидал, гьеб мацIги бицун, цадахъ лъугьун умумуз тушманасдаса цIунараб Дагъистаналъул тарих бечедаб букIиндал.

Дие магIарул мацI буго-дир гIумру. Гьеб гьечIони гьечIо дир гIумру, гьеб тIагIани тIагIина нилъер магIаруллъи! Аллагьас цIунаги нилъ гьеб тIагIиналдаса. Дица абуни дир гIагараб магIарул мацI яс бер гIадин цIунизе буго. ЦIуне нилъеца нилъерго мацIги, миллатги, тарихги ва гIагараб Дагъистанги.

Гьелъ дица гьарула, умумуз гIадин цIуне мацIги, динги, Дагъистанги ва гьелъул миллатазда гьоркьоб бугеб вацлъиялъулаб цолъиги. Гьелде кIвар буссинабураб макъалаби нужецаги хъвай, журналистал.

**Салман ХIасбулаев**

# КИЦАБИ

- **Бадибе беццаризе ругьунаб мацI ругънаде цIан щвазеги хIадур букIунеб.**
- **Бицунеб мацI бихьун гуревила чи вокьизе кколев, гIамалхасият бихьунила.**
- **Бищун гьуинабги – мацI, бищун кьогIабги – мацI.**

**Цогидал халкъаздаго гIадин, гьаб бицен магIарулазда гьоркьобги тIибитIараб буго. «ГьоцIо бессулебги – кIал, берсен лагIулебги – кIал» гIадал варианталги руго.**

**Ханас вазирасда тIадкъарабила жиндие бищунго гьуинабги бищунго кьогIабги квен босун вачIаян. КIиябго нухалда вазирас босун бачIарабила цого бежараб мацI.**

**– Гьабго щиб, гьуинабги цого жо, кьогIабги цого жо? – ян ханас гьикъараб мехалъ, гIакъилав вазирас гьадаб жаваб кьурабила.**

- **Бищун халатаб жо – мацI, бищун чIухIараб жо – хIелеко.**
- **Борхьидаса рорчIула, мацIидаса рорчIуларо.**
- **Борхьил хечалдаса мацIихъанасул мацI квешаб.**
- **Борхьихъего щурщудулевила мацIихъан, царахъего гаргадулевила мацIихъан.**
- **Гъванща цIунулебги – мацI, гъванща бухулебги – мацI.**
- **ГьагIигун хIамил гьуърул чучулел, гьереси бициндал мацIихъанасул керен чучулеб.**
- **ГьацIулъе цIам тIамулев, мацIица бо гъурулев.**
- **Гьереси бицунелъул, чвахун бачIунев, битIараб бицунелъул, мацI бабадулев.**
- **Гьерсил гор горбода барав, мацIил хъаба хъатикь ккурав.**
- **ГIакъиласул гIакълу рекIелъ букIуна, гIабдаласул гIакълу мацIалда букIуна.**
- **ГIакълу дагьасул мацI кIудияб.**
- **ГIемерисеб балагь – мацIалъул балагь.**
- **Инсанасул кIалдиб мацI рекIараб хвалчен буго, КIалдисан пулеб гьури гьалаглъулеб чIор буго.**
- **Квералкъокъ, мацIхалат.**
- **КIалалълъбакIалдаги тушман ватулев, нуцIида нахъаги мацIихъан ватулев.**
- **КIечIезабизе гуребила кIалдиб мацI бижун бугеб, чIегIералда чIегIерабилан, хъахIалда хъахIабилан абизейила.**
- **ЛъарагIмацI бицунилан, цIамухIор бетиларо.**

**Пуланаб росдал гIадамазда чIалгIун буго цIан босизе лъарагIлъиялде хьвади. Гьез хIукму гьабун буго, цIанги бан, жидерго хIор бетизабизе. КигIан гIемер цIан баниги, хIор бетун гьечIо. Нахъеги хIукму ккун буго, лъарагIмацI бицанигIаги бетилародаян. Гьединги бетун гьечIо. Гьебмехалъ цо чIужугIаданалъ абун буго:**

**– Ле гIадамал, лъарагIмацI бицунилан, цIамухIор бетиларо, гIадалал жал гьаруге!**

- **МагIарул мацIалда кечI ахIулел, гIурус мацIалъ гаргадулел магIарулал.**
- **МацI борхьилги лъан лъикIаб.**
- **МацI гIадамасул кванаге, гIиял кванай.**
- **МацI лъаларев цIогьор хваги, цIар лъаларев тушман хваги.**
- **МацI лъалев – чода, чол бетIергьан – лъелго.**
- **МацI халатасул гIакълу къокъабила.**
- **МацIалда гьоцIо бугев, рекIелъ загьру бугев.**
- **МацIалда нацI барав (МацI букарарав чи).**
- **МацIалде гьоцIо тIун, гьодилъ жо балев.**
- **МацIид чи чIвала, цIогьод оц хьола.**
- **МацIихъанас чияр рукъ, цIа гьечIого, бухIулеб.**
- **МацIица чи чIвалев, боцIуца вичун восулев.**
- **НигIматазул кIулги – мацI, балагьазул кIулги – мацI.**
- **Носоца тIад лъураб жо гурони къотIулареб, мацIалъ кинабго къотIулеб.**
- **Оц мацI лъалес бикъун батаги.**

**ВуцIцIун чIарав чиясул цIогь тIатинчIого хутIизеги бегьула, амма гIемер чвархъолев чиясул бальголъи тIатинчIого, къватIибе рехичIого хутIуларо. Гьединлъидал абула цIогьорасул хIакъалъулъ гьал рагIаби.**

- **РагIи лъалев гIабдаласдаса мацI лъаларев цIодор лъикIав.**
- **РакI битIизегIан, мацI битIулареб.**
- **Рокъоб чед бугесда чияр мацI лъаларо.**
- **Хвалчаца къотIичIеб мацIалъ къотIулеб.**
- **Хонжрол ругъун сахлъулебила, мацIил ругъун сахлъуларебила.**
- **ХIалтIуца хIалтIи малъулеб, боцIуца мацI малъулеб.**
- **ХIеренаб мацI чармил хвалчадасаги бергьунебила.**
- **Эбел-лъимал тIезарулебги – мацI, рос-лъади ратIа гьарулебги – мацI.**

# КИН ЦIУНИЛЕБ РАХЬДАЛ МАЦI?



Авар мацIалъул мугIалим щибаб дарсиде хIадурлъизе ккола къали сабрудалги, магь рокьулги, рикьи гьунаралъулги аскIобги чIезабун.

ХинкIазе жо буцулелъул ханжу гIадин, цIалкIинисан биччазе ккола гьес дарсил план.

Гьанжесеб гIелалъул лъимал, гьабсагIат школазда бугеб лъай кьеялъул къагIидаби гIуцIулеб мехалъ, цере рукIараздаса гIемер батIиял руго. Гьезул тIалабалги хасияталги руго батIиял, гьел жанир гIолеб жамгIияб гIуцIиялъул кинабго жоялде бербалагьиги хисун буго.

КIочонеб буго, камилго лъалеб гьечIо рахьдал мацI. МацI лъаларел лъималаз художественниял тIахьалги кин цIалилел?

Лъалеб гьечIо нилъер лъималазда адабият.

Гьелде тIадеги, гIасруялдаго ккараб унтиги ккун буго нилъер лъималаздаги. Компьютералда нахъа лъабго-ункъо сагIаталъги хIазе гIодор чIела гьел, анцIго-анцIила щуго минуталъниги тIехь кодобе босизе заман гьечIо.

КъватIахъе, бертабалъе кьерилалгун иналдасаги рокьулел руго лъималазе компьютерниял хIаял.Гьединльидал, умумузеги хIажалъичIеб, лъималазеги бокьулареб магIарул мацIалъул дарс цIакъго ургъун, борца-къотIун, къачIан хIадуризе ва кьезе къваригIун буго.

Рахьдал мацIалъул учительзабазда, тIоцебе дидаги, тIадаб буго гурун гъуждулгун, нилъерго мацI хвасар гьабиялда тIад хIалтIизе.

Авар мацIалъул учителасда кодоб буго къуватаб ярагъ-авар мацIалъул дарс.

«Яс йихьулеб матIу-расайилан» аби буго магIарулазул. Яс йихьулеб матIу некIо раса букIун батани, учителасул рухIияб рахь бихьулеб матIуги, гьесул пикруялъул бечелъиги, гьунаралъул, бажариялъул камилллъиги борцунеб роцен дарс бугилан абизе бегьула гьанже. Цо дарсихъ балагьунги къимат кьезе бегьула учителасул бажариялъе, махщалие.

ХIалтIуде рокьиги гьечIони, гьабулеб ишалъухъ ракIги унтичIони, щибаб лъимералъе гьуинлъиги кьечIони, нилъер учительзабазул гьабураб хIалтIудаги, кьураб дарсидаги нур букIунаро.

ПалхIасил, рокьи гьечIони, гьираги букIунаро, гьира гьечIеб жоялъе бажариги хIалтIизабуларо инсанас.

«ХIакъикъат» газеталъул цо гьурмада дида батана авар мацIалда тIасан докторлъиялъул диссертация цIунарав ингилисав Саймон Кристинил хIакъалъулъ макъала.

Гьесул рагIабазда рекъон, дунялалда бищун берцинаб буго магIарул мацI.

Ма ша Аллагь дун йохараб куц гьел рагIабаздаса!

Гьединго, гьес абулеб буго Дагъистаналда ругел мацIал тIубанго тIагIиналда хIинкъи бугиланги.

**Кинха цIунилеб рахьдал мацI?**

Дир хIисабалда, гьеб цIунун хутIизе ккани, гIемерисеб бараб буго Республикаялъул нухмалъулезда, гьелдехун гьезул бугеб бербалагьиялда.

Рахьдал мацIалъе школазда рихьизарурал сагIталги цIикIкIинарулел ругони, гьеб малъиялъги киналго школазда тIадаблъун гьабулеб бугони, учительзабазул лъаялда хадуб халги кколеб бугони, гIураб къадаралда тIахьалги риччалел ругони, цIалдохъабазда ЕГЭги кьезабулеб бугони, гьелъул бугеб кIваралъул пикру гьабизе буго лъималазгун эбел-инсуца.

Дие абизе бокьун буго, лъималазда мацI лъазе ккани кьучI лъезе кколин эбел-инсудасан, садиказдасагун школаздаса байбихьун. Гьайгьай, хIажалъула жибго лъимадул хIаракатчилъиги. Гьеб ккола аслияблъун. Гьеб лъимералда жиндаго бичIчIизе ккола жиндиралдаса берцинабги пасихIабги мацI цоги гьечIеблъи, гьеб хазина цIуничIони, дунялалда вукIун чиясул пайда букIунареблъи.

Дие бокьун буго поэт МухIамад АхIмадовасул кочIол рагIаби гьанир рехсезе ва гьел нужеца цIализе.

МацI кIочараб миллат молода лъола,
Малидул гIоркь ккевезе чи хутIуларо
ХутIараб кинабго гьадингояб жо,
Гьардарав БетIергьан, цIуне авар мацI!
БачIунгеги магIарулазда рахьдал мацI кIочараб къо!

Нилъерго килщаз гIадин, нилъер мугъ цогидас хъасуларилан абула.

Кинха бугеб нилъер школалда адабият ва рахьдал мацI малъи-лъай?

Нижеца кIудияб кIвар кьола методобъединениязул хIалтIуде.

Хасго лъикI хIалтIула мацIазул секция. Гьелъие нухмалъиги гьабулеб буго хIалбихьи бугей мугIалим Шамсудинова Гьадигат Сиражудиновнаялъ.

«Аби буго, гьунарал реэдиялъ лъалъазе кколилан. Адабиятги гьветI гIадин гIезабизе ккола. Гьеб хIалтIи «рагьарал» дарсалги кьун кьокълъуларо.

РекIелъ лъикIаб асар тана ХIасанова Гьадигатил «МугIрузул ГIали» абураб темаялда кьураб рагьараб дарсалъ. Учительницаялъул лъикIаб гьунарги-махщелги букIин бихьулеб букIана.

Кинго кIочонаро МухIамадова ГIайшатица гьабураб «Кьахъадерил бертин» абураб театралияб сценка. Гьениб бихьулеб букIана унго-унгояб адабият, цоги нухалъ районалъул телевидениялдаса бихьизабизе бокьилаан дие гьеб. Гьединго, ХIамзатова ГIайшатицаги гIемераб хIалтIи гьабула мацI цIуниялда, бечелъизабиялда тIад.

-Нижеца школалда тIобитIана Кьохъа МухIамадил литературияб вечер, гьабуна тIахьазул выставка. ТIасиял классазул цIалдохъаби куцаялъул мурадалда, тIоритIула замана-заманалдаса тIахьал цIалулезул конференциябиги.

Библиотекаялъул хIалтIухъабазги, учительзабазги, цIалдохъабазги цадахъ лъугьун гьабула рехсараб хIалтIи.

Руго нижер гIоларел рахьалги.

Цебе олимпиадабазда, кьецазда кидаго Кьохъ школалъ тIоцебесеб бакI кколаан. Гьанже- кIиабилеб, лъабабилеб бакI щола.

Дица абила нижер лъимал махщелги, гьунарги, лъайги бугел ругилан. Нижго гIураб къадаралда хIалтIулел гьечIо гьелгун. Дие гьеб якьинлъана школалда тIоритIарал олимпиадаялъул хIалтIабазул хал гьабулаго.

Газеталде хъвадаруларо. Цо чанго макъала хъван бачIана МухIамадова Гьадигатица.

НилъергIан бечедаб материал батиларо.

Доб адабияталъул сонги - букIана, лъугIана, анаян течIого, халкъалда гьоркьоб хадубккун литература тIибитIиялъе кьучI лъолеб сонлъун хутIизе бокьилаан дие.

Авар мацIалъул дарсал бищунго лъималазе рокьулелллъун гьаризе ккола.

Гьел къокъ гьарулел ругилан харбал руго . Дун гьелъул гIадлу гьабулей гIадан гуро, амма гIайиб гурищха авар мацIалъул дарсалги дагь гьарун, гIурус мацIалъе кьей.

Огь, магIарул мацIалъул гIалимзаби, щагIирзаби, нужер хIакъаб рагIи къваригIун буго мацIги, миллатги, адабиятги цIунизе наслабазе.

МацI цIунула, цолъизабула, лъикIлъизабула, бечелъизабула цоги сунцаниги гуро-цохIо-адабияталъ. Адабият халкъалда жаниб бугебгIан заманаялъ рахьдал мацIги цIунун хутIула.

**Бахумеседо ГIабдулмажидова, Кьохъ росдал гьоркьохъеб школалда мугIалимлъун хIалтIулей.**

## БАЛЪХЪАДЕРИЦА ЯС РИГЬНАДЕ КЬОЛЕЛЪУЛ ГЬАБУЛЕБ ГЬАРА-РАХЬИ

*Илюди регьиналъа елълъалъой ешилъи иккаб гIакълу*

ГIумрулъи гвангъадаб шагърулъи пурцIу,
Имулъи гьанкъу бети заманла гьибгъва,
Елълъида кварчIику ила-имулъи
Мугъу заман дубда хъизанла игьи

Дуй микъи битIила, икъбал цIикIкIила
Каламида,мисиди игьи къоро.
Дуй талихIла хаду гулаталъойда,
Микъа ибхва ишкур иккаб гьаб гIакълула

Гьанкъулъи къварилъи къватIа бигьаси,
Гьулъиб ургъелалъи гучIи адамда,
КунтIулъи багьана гьекIуй масаси
Масатахоблъуда гьула бехве гьуб.
Илакьурилъи адаб игьа бечIухо
Мин ечIухаруди дубдала игьи,
Имакьурилъи хIурмат гъваридаб игьа,
Гъварилъи гьваруди къуличIа йикIи.
Орсу агьабла на ишхъа мин хваси
Гьанилъи годекIан гучIи дуб гьанкъу,
МицIи бакьу игьу авал сардаси
Дубда хъизаналъи къимат бичIаси.

«Вай дуй яци йиабу див хьоов ваци,
Эпилаха мин гьашда бекъа гIедигIа».

**ГIолохъанчи хведал**

«Баркат ару бета мисибеха,
Алжаналъуку гьагъибеха,
Гьущуйхоб гIумру бищди ккибеха».

**Херав чи хведал**

# ВАЙ, ДИР МАГIАРУЛАЛ

Гьикъе лъималазда лъил щал нужилан, –
Лъалеб батуларо миллаталъул мацI.
БахIарчияв инсухъ гьанже васаца
Босуларо къисас, – хисана къисмат.
***
КечIали щай гурин, щибаб рагIиги
МагIарулазул дий хазина буго.
РагIини щай гурин, щибаб жугьаги,
Жавгъар кьунаниги, дица кьеларо.

Амма букIаниги ирсалъе щвараб
Авар мацI цо гIураб хазина буго.
Хирияй эбелалъ ахIараб кочIол
Канлъухъе дуниял дица сверана.

Дун аварав вуго, Дагъистаналда
Дагь гьечIо росаби хассаб мацI бугел;
Дие гьел киналго хириял руго,
Хундерил доб ЦIолокь чвахиял гIадин.
***
Дир пачалихъалъул, гьудуллъи гуреб,
ГьечIо батIияб мацI бояздa лъалеб.
Жалго пачалихъал тIагIананиги,
ТIегь бечIазе гьечIо Дагъистаналъул.
***
Бице, дир хирияй, нилъ унеб мехалъ,
Авар миллаталда щиб жо гьарилеб?
Щиб нилъер васият гьал росабазе?
Бищун аслиязул цояб хъван тела:

КIудиял гIуниги, рахьдал мацI лъачIел
Нилъер лъималазда тIаса лъугьайин.
Гьелъий гIайибиял гьел гурин ругел, –
Гьороде бадире роржинчIин хIанчIи.

Амма нилъер гIадат гьез рехун тани,
Рахине гьарейин АхIулгохIалде...
Унтараб, лъукъараб лъимер каранда, –
Койсуялъул тIинда имамасул яц...
***
Митингазул питна, гьурра, лозунгал…
Гьел багьаял гьечIо бакъул къатIрадал.
Дунни хIинкъуларо авар мацI хвелин, –
Аллагьас гьаб рокьи ракьалда тани.

**РорчIами хирияЛ магIарулал, эфиралда буго нижер иргадулаб передача...**
**Бичас биччани дандчIвала щибаб бачIунеб хамиз къоялъ.**



РГВК «Дагъистан» каналалъул магIарул мацIалда кьолеб передача бачуней, миллияб редакциялъул бетIерай редактор, магIарул мацIалде рокьиги бижинабулей, жив-живасул рекIелъе гьеб гьоцIолъунги тIинкIизабулей, тIокIлъиялда авар мацIалъул передачаги бачуней Дагъистаналъул бахIарчIужу, Дагъистан Республикаялъул маданияталъул мустахIикъай хIалтIухъан, филологиял гIелмабазул докторлъиялде кандидат Хатимат МухIамадова.


**ГIудуллъи газета гIуцIарал**
«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

**Учредитель**
Администрация МР «Ботлихский район»

**Эл. адрес:** druzhba555@mail.ru **Сайт:** druzhbabotlih.ru

**Редакторасул бакIалда:**
М-Р. ГъазимухIамадов
**Отделалъул редакторал:**
П. Дибирова
ГI. ГъазимухIамадов
**Мухбирзаби:**
ГI.МухIамадова
М. МухIамадова

**Наборщица**
П. Эльдарова
**Дизайнер**
С. Камилова
**Корректор:**
П.МухIамадова
**Фотокорреспондент**
К. Камилов

**Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.**
**3I мая 2017 года.**
**ПИ № ТУ 05 - 00381**

**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел.**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.**

Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Централияб къватI, 5

**Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61**
**Тираж -550**
**Индекс-51349**

*Заказ №* _____